ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№87 (24.525) • 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 22, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

## Кавказыр зэрызэкъуэтым и нэщэнэу

**Ди щIыналъэр игъащIэми къогъуэгурыкIуэ IуэхугъуэфIхэм я хэщIапIэу, жэрдэмыщIэхэм я къигъэхъуапIэу, хьэщIэ махуэхэм я етIысэхыпIэу. Мы гъэмахуэ дахэми абы щызэхаублэ зэхыхьэ купщIафIэхэр. Апхуэдэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуаха «Кавказ зэкъуэт» дунейпсо щIалэгъуалэ турист-хэкупсэ форумыр. Абы хэтщ Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я лIыкIуэхэр.**

ЗЭХУЭСЫШХУЭМ кърихьэлIа щIалэгъуалэ жыджэрхэм фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэ **Чайкэ Юрий**. Абы зэрыжиIамкIэ, «Кавказ зэкъуэт» зэIущIэм и утыку къыщаIэт Iуэхугъуэхэр иджырей лъэхъэнэм мыхьэнэшхуэ зиIэхэщ, гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэхэщ.

- Урысей Федерацэр мы зэманым дэкъузэныгъэ хьэлъэм итщ, фIы зигу къытхуимылъ къэралхэм я зэракIэ. Абы къыхэкIыу ди къэралым зыужьыныгъэфI щедгъэгъуэтыжын хуейщ экономикэм лъабжьэ хуэхъу Iуэхугъуэхэм. Абыхэм ящыщщ туризмэм нэхъри зегъэужьыным ехьэлIа лэжьыгъэхэри. ЖыпIэнурамэ, ди къэралым и мащIэкъым зыщыбгъэпсэху, уи нэгу зыщебгъэужь хъуну щIыпIэ дахэхэр, - къыхигъэщащ и псалъэм Чайкэ Юрий. - УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я арэзыныгъэрэ дэIыгъыныгъэрэ хэлъу, щIалэгъуалэ туризмэм иужьрей лъэхъэнэм хъарзынэу зеужь. 2022 гъэр къапщтэмэ, студент программэхэр я лъабжьэу ди къэралым зыщагъэпсэхуащ ныбжьыщIэ мини 5-м нэсым. Ар хуэди 8-кIэ нэхъыбэщ, Iуэхур щаубла 2021 гъэм еплъытмэ.

Ди республикэм щекIуэкI зэхуэсышхуэм хэт зи щIалэгъуэхэм апхуэдэу гуапэу зыхуагъэзащ Абхъаз Республикэм и Президент **Бжание Аслъэн**, Осетие Ипщэ Республикэм и Президент **Гаглоев Алан**, Адыгей Республикэм и Iэтащхьэ **КъумпIыл Мурат**, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ **Темрезов Рашид**, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Iэтащхьэ **Меняйлэ Сергей**, Дагъыстэн, Ингуш, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь крайм къикIа лIыкIуэхэм я пашэхэм.



Ди республикэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** апхуэдэу ехъуэхъуащ ди щIыналъэм къытхуеблэгъахэм. Абы зэрыжиIамкIэ, къэрал властым иригъэкIуэкI политикэ Iуэхухэм я нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIалэгъуалэм яхуэгъэза лэжьыгъэр.

- А унэтIыныгъэр игъэбелджылащ УФ-м и Президентым икIи абы ипкъ иткIэ къэралым защIегъакъуэ щIалэгъуалэм зегъэужьыным хуэгъэпса проект зэмылIэужьыгъуэхэм, - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек. - Урысей Федерацэм, Кавказым я щIалэгъуалэр, къэралыр зэрыт дэкъузэныгъэ ткIийм емылъытауэ, къонэж Хэкум и къыщхьэщыжакIуэрэ текIуэныгъэр къытхуэзыхьауэ щыта я адэшхуэхэм яхуэфащэ щIэблэу. Дэ дызыхэт зэхуэсым и фIэщыгъэр - «Кавказ зэкъуэтыр» - абы и щыхьэтщ. Кавказыр ипэжыпэкIэ зэкъуэтщ, псом япэрауэ, ис щIалэгъуалэмкIэ, абыхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ быдэмкIэ, къэкIуэнум хуэгъэпсауэ яIэ гупсысэ нэхухэмкIэ. Си фIэщ мэхъу: цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэ гуапэхэращ мамырыгъэр хъумэным и джэлэсыр, ди къэралым, дуней псом я къэкIуэну дахэр зыунэтIыр. Си гуапэщ лъэпкъыбэу зэхэт ди Хэку иным и зыужьыныгъэмрэ ехъулIэныгъэмрэ яхуэгъэпса ехъулIэныгъэщIэхэр фиIэну.

Зэхуэсышхуэм кърихьэлIа хьэщIэ лъапIэхэр яхуэзащ абы хэт щIалэгъуалэм, щыгъуазэ зыхуащIащ щIыналъэхэм турист IэнатIэм зэрызыщиужьым ехьэлIауэ къызэрагъэпэща еплъыныгъэхэм. Iуэху зехьэкIэ пэрытхэмкIэ жыджэру зэдэгуашэ щIалэгъуалэ гупхэм я пашэхэр абыхэм зэпкърыхауэ къахутепсэлъыхьащ я щIыбагъ къыдэлъ лэжьыгъэхэм я купщIэм, я къызэгъэпэщыкIэ мардэхэм. Апхуэдэт, къапщтэмэ, журналист цIэрыIуэ, Урысейм и щIыуэпс телъыджэм теухуа теленэтынхэр езыгъэкIуэкI **Железняк Александр**.

Ди къэралым гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхами гулъытэ щигъуэтащ зэхуэсым. «Iуащхьэмахуэ» университет зэхэтым игъэлъэгъуащ абы хэт зауэлIхэм я унагъуэхэм, я сабийхэм защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ лажьэ «ЛIыхъужьхэм я бынхэр» проектым хиубыдэ лэжьыгъэхэр. «ИкIуэт къытхэмыту» жылагъуэ зэгухьэныгъэм утыку ирихьащ СВО-м и зауэлIхэм яхуэгъэза проект хьэлэмэтыр. Абы хэтащ дзэм ираджа ди зауэлIхэм ящыщу республикэм иджыпсту щыIэхэр. Апхуэдэ зэIущIэхэр хъуащ форумышхуэр купщIафIэ, хьэлэмэт зыщIхэм. Iуэхур ягъэдахэт, нэхъ щIэщыгъуэ ящIырт ди республикэм и артист цIэрыIуэхэм ягъэзащIэ хэкупсэ уэрэдхэм. Куэдым зэрыжаIамкIэ, зэхуэс иныр хъуащ Кавказыр зэрызэкъуэтым и нэщэнэхэм ящыщ зы.





## Шэджэм хуабэщ абрагъуэ къыщызэIуах

**Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и зыужьыныгъэ программэм хагъэхьа, инвестицэ проект лъэщхэм ящыщ зыуэ щыт, «Шэджэм-Агро» хуабэщ комплексым и япэ IуэхущIапIэр къызэIуахащ. Абы нэхъ ин Кавказ Ищхъэрэм итынукъым. Хуабэщ комплексыр яухуэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и Правительствэр, «Россельхозбанк»-р я дэIэпыкъуэгъуу, «ЭКО-культура» мэкъумэш холдингым и мылъкукIэ.**

IУЭХУЩIАПIЭЩIЭР къызэIуахащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ **Чайкэ Юрий**, КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Лут Оксанэ**, «Россельхозбанк»-м и правленэм и тхьэмадэ **Листов Борис** сымэ.

«Мэкъуэмэш хозяйствэм Кавказ Ищхъэрэм и инвестицэ политикэм увыпIэ нэхъыщхьэ щеубыд икIи ар хамэ къэрал кърашхьэпшыпхэм хуэдэ къэралым къыщыщIэгъэкIынымкIэ ягъэзащIэ программэм и Iыхьэ нэхъыщхьэщ. ЩIэуэ къызэIуаха хуабэщхэм я фIыгъэкIэ урысейм и щIыналъэ куэдым я тыкуэнхэм илъэс псом кърибыдэу щыбгъуэтынущ а IуэхущIапIэхэм къыщагъэкIа хадэхэкI къабзэхэр. Проектыр щагъэзащIэм къагъэсэбэпащ бэвагъ нэхъыбэ къегъэтыным хуэщIа технологиещIэхэр. IуэхущIапIэм ехъулIэныгъэхэр иIэу зиужьыну, къыщIигъэкI хадэхэкIхэм я куэдагъми я фIагъми хэхъуэ зэпыту и Iуэхухэр екIуэкIыну си гуапэщ», - жиIащ Чайкэ Юрий.

«Мыпхуэдэ проектхэм къэралым ерыскъыхэкI шынагъуэншагъэ щыIэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI. «ЭКО-культура» мэкъумэш холдингыр инвестор цIэрыIуэщ икIи илъэс къэс къыщIигъэкI продукцэм хигъахъуэу щIыгу зэхуэщIам хадэхэкIхэр къыщызыгъэкI IуэхущIапIэ инщ», - къыхигъэщащ Лут Оксанэ.

Хуабэщ комплексым и лэжьыгъэм зэрыщIидзэм и щIыхькIэ зэIущIэ гуапэм хэтахэм жылэхэр хасащ. «Шэджэм-Агро»-м и IэщIагъэлIхэм хьэщIэхэм жраIащ предприятэр Iэмэпсымэ лъэщхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар, а унэтIыныгъэмкIэ щыIэ IэнатIэ пэрытхэм я жыпхъэм зэрыхуэкIуэр, апхуэдэуи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI хадэхэкIгъэкI IэщIагъэлIхэр щагъэсэ щIыпIэуи зэрыщытынур. Ар фIагъ лъагэ зиIэ технологиехэмкIэ къызэгъэпэща, илъэс псокIэ хадахэкIхэр къыщагъэкIыну IэнатIэ зызыужьауэ щытынущ.

«Шэджэм-Агро» хуабэщ комплексым и япэ IуэхущIапIэм гектар 37,6-рэ хъу щIыналъэ еубыд. Абы халъхьащ сом меларди 9-м щIигъу мылъку. Илъэсым помидору тонн мин 19,2-м нэблагъэ къыщагъэкIыну я мурадщ. Япэ щIэдзэгъуэу лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщынущ цIыху 461-рэ. Илъэсым республикэ бюджетым налогым къыпэкIуэу сом мелуан 223-рэ къыхэхъуэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ ивестицэ проектыр адэкIи зэрыдаIыгъынур. Иджы яухуэну IэнатIэм хухахащ щIы гектари 100, инвестицэ мылъкуу сом мелард 24,5-рэ халъхьэнущ, хадэхэкIыу тонн мин 50-м щIигъу къыщагъэкIынущ. КъищынэмыщIауэ, лэжьапIэ IэнатIэкIэ иджыри цIыху 1226-рэ къызэрагъэпэщыну я мурадщ, проектыщIэм илъэсым къыпэкIуэну налогыр сом мелуан 593-рэ хъунущ.

# Зи ужь ихьахэр нагъэсыпхъэщ

**УФ-м ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и Президиумым и зэхуэсу видеоконференц IэмалкIэ къызэрагъэпэщам хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат**.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, федеральнэ проектхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту ухуэныгъэ 270-м щолэжь. А бжыгъэм хеубыдэ егъэджэныгъэм епха объект 60, узыншагъэмрэ щэнхабзэмрэ зыщрагъэужьхэри яхэту. КъинэмыщIауэ, школхэм, поликлиникэхэм, щэнхабзэмкIэ унэхэм, коммунальнэ, гъуэгу инфраструктурэм епхахэм йолэжь. Ахэр яухмэ, республикэм щыпсэухэм я псэукIэр ефIэкIуэнущ.

Штабым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2024 - 2026 гъэхэм яутIыпщыну инвестицэ проектхэм. Хуснуллин Марат къыхигъэщащ «Ухуэныгъэ» къэрал программэм хэтхэр япэ игъэщын зэрыхуейр, зи ужь ихьа проектхэр и кIэм нагъэсыпхъэщ, ухуэныгъэ ныкъуэщIхэр ямыгъэбэгъуэн папщIэ.



# Ныкъуэдыкъуэхэм къащхьэщож



**УФ-м и Къэрал Думэм мэкъуауэгъуэм и 18-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм етIуанэ еджэгъуэу къыщащтащ япэ гупым хыхьэ ныкъуэдыкъуэхэу гъуэгупщIэр зэратам щыхьэт щыхьэт техъуэ билет зымыIыгъхэр транспортым залымыгъэкIэ кърагъэкIыну хуит зымыщI унафэ**.

АВТОМОБИЛЬ транспортымкIэ, щIылъэм тет къалэ транспортымкIэ щыIэ хабзэм 20-нэ статьяр щIагъужыну къыхалъхьэ. Абы хуит ищIыркъым гъусэ зимыIэ икIи гъуэгупщIэр зытын зымыдэ, япэ гупым хыхьэ ныкъуэдыкъуэхэр жылагъуэ транспортым залымыгъэкIэ кърагъэкIыну. Иджыпсту щыIэ хабзэмкIэ билет зымыIыгъхэу илъэс 16 нэхърэ нэхыщIэхэрщ транспортым къибгъэкIыну узыхуимытыр.

«Гъусэ зимыIэ апхуэдэ цIыхухэр дэIэпыкъуэгъуншэу я закъуэу утыку къонэ. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт абы къыхахынкIэ хъуну бампIэузыр. Абы ипкъ иткIэ, дэ къэтщта унафэм и фIыгъэкIэ ахэр щытыкIэ гугъу ихуэнукъым», - къыхигъэщащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолэ а Iуэхум теухуауэ «Российская газета»-м и журналистым щепсалъэм. Апхуэдэу депутатым къигъэлъэгъуащ унафэр жылагъуэ транспортымкIэ къэзыкIухь нытъуэдыкъуэхэм я пщIэр хъумэным хуэунэтIауэ зэрыщытыр.

Унафэм къару игъуэтынущ 2024 гъэм и фокIадэ мазэм.

# Гъэ еджэгъуэм щIимыдзэ щIыкIэ

**Муниципальнэ сыхьэт зэIущIэм и жыпхъэм иту, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыпIэ администрацэхэм, щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я унафэщIхэм яIущIащ**.

Зэхуэсым хэтащ Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, щIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI **Дадэ МуIэед** сымэ.

Къызэхуэсахэр фондым и лэжьыгъэм, щIыналъэм щыIэ абы и къудамэр муниципальнэ IуэхущIапIэхэм зэрадэлэжьэну щIыкIэм тепсэлъыхьащ. Республикэм и Iэтащхьэм жэрдэм ищIащ фондым и унафэр зыгъэзащIэ жылагъуэ лэжьакIуэхэр IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщу, гъэзэщIапхъэ къалэнхэр къулыкъущIэ щхьэхуэхэм я пщэ далъхьэну.

Республикэм щылажьэ программэхэмрэ проектхэмрэ я гугъуи ящIащ. КIуэкIуэ Казбек гулъытэ нэхъыбэ етыпхъэу къелъытэ гъэ еджэгъуэм щIимыдзэж щIыкIэ, курыт еджапIэхэр зыхуей хуагъэззэу зэрахьэн зэрыхуейм. ИджыпстукIэ щIыналъэм школ 16 щIэуэ щаухуэ, 40 щызэрахьэ, абыхэм ящыщу 10-р зэгъэпэщыжыным илъэситI текIуэдэнущ. Къэрал мылъкум къыхэкIыу, школхэр зэIузэпэщ щIыным къыхуаутIыпщынущ сом мелард 1,7-рэ, абы хохьэ еджапIэхэр иджырей Iэмэпсымэрэ еджэныр ящызыгъэпсынщIэ хьэпшыпхэмкIэ къызэрагъэпэщыным текIуэдэнухэри. Республикэм и мылъкум къыхэкIыу, еджакIуэхэм къахуэмыщхьэпэж тхылъыжьхэмрэ зэманым къемызэгъыжхэмрэ яхъуэжыным хуаутIыпщынущ сом мелуан 42-рэ. Республикэм и Iэтащхьэм унафэ ищIащ еджапIэхэр гъэ еджэгъуэм и щIэдзапIэм къыкIэрымыхуу зэрахьэным кIэлъыплъыну, къалэн зыщащIыжахэм я гъэзэщIэкIэм езыр щыгъуазэ ящIыну. КъинэмыщIауэ, унафэ ищIащ зэрахьэн хуей сабий IыгъыпIэхэм я Iуэху зыIутыр утыку кърахьэну.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэну гъэмахуэ лагерхэр къызэгъэпэщын зэрыхуей Iуэхури. Абыхэм ящыщ зыр, сабии 100 щIэхуэну, «Антарес» сабий щIэныгъэ центрым иубыд щIыпIэм къыщызэIуахынущ. А Iуэхум къэрал мылъкум щыщу трагъэкIуэдэнущ сом мелуан 57-рэ. 2024 гъэр къэмыс щIыкIэ, лагерым сабий 300 екIуэлIэфын хуэдэу, зрагъэубгъунущ. КIуэкIуэ Казбек унафэ ищIащ муниципальнэ сабий лагерхэр яухуэн, е ухуэныгъэ гуэрхэр зэрагъэпэщыжу абы хуагъэкIуэн папщIэ, ящIэ хъунухэм епха жэрдэмхэр утыку кърахьэну. «Дэтхэнэ щIыналъэми я сабийхэм ягу загъэу зыщагъэпсэхуфын лагерь яIэжын хуэдэу, программэу дгъуэтым дыхыхьэнущ», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Ди лъахэр зэрыгушхуэ ныбжьыщIэхэр

**Ди гуапэ зэрыхъущи, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр мы гъэм зытахэм куэду къахэкIащ къэпщытэныгъэхэмкIэ балли 100 къэзыхьахэр. ЖыпIэнурамэ, гъащIэм и зы Iыхьэу щыт школ илъэсхэр апхуэдэ ехъулIэныгъэ лъагэкIэ къепхьэлIэныр ар щIэныгъэ нэхум и лъэмыж быдэ къэкIуэнум хуэзыщI, уи пщIэри уи нэмысри жылагъуэм щызыIэт Iуэхугъуэщ. Апхуэдэу абы къегъэлъагъуэ а еджакIуэхэм илъэс бжыгъэкIэ къадэлэжьа, ахэр зыунэтIа IэщIагъэлIхэри зыпэрыт IэнатIэм ехъулIэ, щIэныгъэ куурэ зэфIэкI лъагэрэ зыбгъэдэлъ лэжьакIуэу зэрыщытыр**.

А ПСОМИ иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзоррэ ЕГЭ-м балли 100 къыщызыхьа ныбжьыщIэхэмрэ я зэIущIэм. Iуэхум кърихьэлIат ныбжьыщIэ акъылыфIэхэр щеджа курыт школхэм я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр. ПщIэ хуащIу абы ирагъэблэгъат апхуэдэ бын щэныфIэхэр, зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъхэр щагъэса унагъуэхэм я нэхъыжьхэр.




ГуфIэгъуэ зэIущIэр къызыIузыха Езауэ Анзор и гуапэу ехъуэхъуащ еджэным щыпэрыт щIалэгъуалэм. Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, балли 100 нэхъыбэ дыдэу къызэрахьар химиемкIэщ, инджылызыбзэмкIэ балли 100 ди республикэм щыщ еджакIуэм иджы япэу къихьауэ аращ. Езауэм апхуэдэу жиIащ ныбжьыщIэхэр нэхъыбэу дэзыхьэхыр естественнэ щIэныгъэхэмрэ информатикэмрэу зэрыщытыр. А предметхэмкIэ екIуэкI къэпщытэныгъэхэм еджакIуэхэм ику иту къыщахьыф балл бжыгъэхэм хэхъуащ, балли 100 къэзыхьхэри яхэту. А псоми я тегъэщIапIэщ щIыналъэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм зыужьыныгъэфI зэригъуэтыр, зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэри зэрыщекIуэкIыр. Абыхэм сэбэп яхуохъу «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» IэнатIэхэр курыт школхэм къызэрыщызэIуахри, къуажэ школхэр IэщIагъэлIхэмкIэ нэсу къызэгъэпэща зэрыхъури, егъэджакIуэхэр лэжьыгъэм нэхъри зэрыдихьэхри.

- Догушхуэ икIи допагэ фэркIэ, ныбжьыщIэхэ. Вбгъэдэлъ Iэдэбагъым, егугъуныгъэм, а псори лъабжьэ зыхуэхъуа щIэныгъэ лъагэм фи пщIэр къыщиIэтащ республикэми жылагъуэми. ЗыIэрывгъэхьа апхуэдэ ехъулIэныгъэфIхэм я фIыгъэкIэ фи цIэ дахэр къыхэнащ ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм и тхыдэм. Ар пщIэшхуэщ, атIэми фэ ар къэвлэжьащ фи акъылыфIагъкIэ, зэфIэкIкIэ, гъэсэныгъэкIэ, - жиIащ Езауэ Анзор, ныбжьыщIэхэм захуигъазэу. - Хуабжьу ди гуапэщ къыфпэщылъ гъащIэ гъуэгуанэр ехъулIэныгъэрэ текIуэныгъэ защIэкIэ гъэнщIауэ ефхьэкIыну. Курыт школым фызэрыщIэса илъэс 11-м къриубыдэу а Iуэхум хэлъхьэныгъэфI хуэфщIащ, лъабжьэ быдэ фхуэхъун гъащIэ гъуэмылэ зэвгъэпэщащ. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм къыщыфхьа балли 100-р ирехъу фызыхуеджэну мурад фщIа IэщIагъэмкIэ зэвгъэгъуэтыну щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ я тегъэщIапIэ. Фи Iуэху фIы ирикIуэ, дызэрыгушхуэ, куэдкIэ дызыщыгугъ зи щIалэгъуэхэ. Си фIэщ мэхъу фи цIэхэр фIыкIэ иджыри мызэ-мытIэу къызэрыIунур.

АдэкIэ министрыр къытеувыIащ егъэджэныгъэм и пкъоуэ къалъытэ егъэджакIуэм дэтхэнэ школакIуэм и гъащIэми щиубыд увыпIэм. Шэч хэлъкъым - зи IэнатIэр хьэлэлу, жэуаплыныгъэр зыхащIэу езыхьэкI а IэщIагъэлIхэм лэжьыгъэшхуэ ирахьэлIащ я нэIэм щIэту щIэныгъэм и нэхум хуаша щIэблэм апхуэдэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэным. Министрым фIыщIэ ин яхуищIащ апхуэдэ егъэджакIуэхэмрэ школ лэжьыгъэр тэрэзу зыунэтIыф унафэщIхэмрэ.

- Гулъытэншэ сщIынукъым дызэрыпагэ ныбжьыщIэхэр къызэрыкIа унагъуэхэри, - къыхигъэщащ министрым. - Фэ, адэ-анэхэм, гугъу задевгъэхьащ фи бынхэм, абыхэм я махуэр къызэрызэгъэпэщам, дэзыхьэх унэтIыныгъэхэмрэ гулъытэ зыхуащI Iуэхугъуэхэмрэ набдзэгубдзаплъэу фыкIэлъыплъу, фи сабийм и зыужьыныгъэмрэ дуней еплъыкIэу бгъэдэлъымрэ фыхуэсакъыу. ФIыщIэшхуэ фхузощI апхуэдэ бынхэр зэрывгъэсам папщIэ. Жылагъуэр зэрыгушхуэ щIэблэ узыншэ къызыщIэхъуэ унагъуэхэм афэрым!

НыбжьыщIэхэм псалъэ щратым, абыхэм къэрал къулыкъущIэм фIыщIэ хуащIащ апхуэдэ гулъыт лъагэ зэрагъуэтам папщIэ. Зи щIалэгъуэхэр министрым гупсэхуу епсэлъылIащ, я мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмкIэ дэгуашэу. КъисIуэну сыхуейщ ди республикэм щекIуэкIа мыгъэрей ЕГЭ-м балли 100 къыщызыхьа еджакIуэ 13-м я цIэ-унэцIэхэр. Апхуэдэхэщ Тыкъуэ Лаурэ, Мысыр Саидэ, Къущхьэ Сэримэт, Къэгъэзэж Андемыркъан, Дыкъуэ Iэминэ (химие); Якушенкэ Илья, Мэремыкъуэ Дарье, Батыр Данизэ (урысыбзэ); Хьэжы Ренат (математикэ); Хьэгъэбанэ Залинэ (тхыдэ); Соблыр Мухьэмэд, Сокъур Идар (информатикэ, ИКТ); Сэхъурокъуэ Артур (инджылызыбзэ).

ЗэIущIэм и кIэухыу Езауэ Анзор иджыри зэ гуапэу ехъуэхъуащ еджэным ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьа ныбжьыщIэхэм, фэеплъ сурэтхэри зытрагъэхащ.

- Мурад лъагэхэр зыхуэвгъэувыж, ахэр зэвгъэхъулIэным ерыщу фыхущIэкъу. Дыфщогугъ ди республикэм, къэралышхуэм я унафэр зезыгъэкIуэн, я къэкIуэнур зыубзыхун IэщIагъэлI щыпкъэхэр, къулыкъущIэшхуэхэр къыфхэкIыну, - жиIащ министрым. - Ди лъахэр зэрыгушхуэ и бынхэм сынывохъуэхъу нобэ фызытехьа лъагъуэ нэхур гъащIэм гъуэгу бгъуэшхуэу къыщыфхущIэкIыну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ**.

# Ныбжьэгъу нэсым хуэдэщ шыфIыр

**Адыгэхэм «шы» псалъэм «къуэш» мыхьэнэмрэ ныбжьэгъуфIу зэпымыуүэ къадэгъуэгурыкIуа псэущхьэ дахэмрэ къызэрызэщIрагъэубыдам, шэч хэмылъу, къегъэлъагъуэ лъэпкъым абы хуищI пщIэр ину зэрыщытар. ЗэрытщIэщи, адыгэшыр и бэшэчагъымкIэ адрейхэм къахэщу ижь-ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ. Лъэпкъым и ехъулIэныгъэхэм щыщуи къэплъытэ хъунущ гъуэгуанэ кIыхь зэпызычыф зекIуэш телъыджэхэр къызэригъэщIыфар. Ахэр къэралми дуней псоми цIэрыIуэ щыхъуащ, тхыдэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIащ.**

ИУЖЬРЕЙ зэманми шы зехуэным гулъытэ зэригъуэтыжар нэрылъагъущ, щIалэгъуалэрщ нэхъыбэуи а Iуэхум елэжьыр. Пасэм шыр зауэлIым ныбжьэгъу пэжу бгъурыту къалэнышхуэ игъэзащIэу щытамэ, иджыпстуи ахэр спортым, зекIуэхэм я къару щеблэжыркъым. Налшык къалэм щыIэ «Horse KBR» IуэхущIапIэм шы тесыкIэм сабийхэм деж къыщыщIэдзауэ щыхуагъасэ, гупыж зыщIхэм мэзхэм, бгыхэм шууэ зыщрагъэплъыхь. Апхуэдэ зекIуэхэр къохъулIэн щхьэкIэ, Iуэхум хэзыгъэгъуазэхэр набдзэгубдзаплъэу щытын хуейщ. Чыржын Луизэ и теплъэкIэ хъыджэбз гъур цIыкIуми, хуумыгъэфэщэну къаруyфI зэрыбгъэдэлъыр дгъэунэхуащ. ЗыгъэпсэхуакIуэхэр шым зэрытесыпхьэр Iэдэбу зэрагуригъаIуэм къыдэкIуэу, шым уанэр телъхьэнми зэщIэкъузэнми ар хуэIэкIуэлъакIуэщ. Абдеж зэрыщылажьэрэ мазэм щIигъуа къудейуэ арами, Чыржыным дэтхэнэ шыми бзэ къыхуегъуэт, ягурыIуэ.

Луизэ зэрыжиIэмкIэ, цIыхухэми хуэдэу, шыхэми хьэл зырыз яIэщ: хэти нэхъ бзаджэщ, хэти зэпIэзэрытщ, къуейщIеи къахокI. Мы зэманым абыхэм шипщIым я нэIэ тетщ, хьэрып шы лъэпкъи, инджылыз-къэбэрдеишхэри, адыгэши яIэщ. Модест, Руни, Булат, Къаплъэн, Бурак, Дениз, Пепел, Къарэ, Абрэдж, Батыр - шыхэм я цIэхэр щыфIащкIэ, дэтхэнэми и хьэлыр къалъытэу къыщIэкIынущ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Чыржыныр зэрыцIыкIурэ шым тесщ. Гъунэгъум адыгэш



куэд зэрихуэрти, хъыджэбзри абы щыгъуэм а псэущхьэм дихьэхат.

- Шым ущепсалъэкIэ, ущытескIэ гупсэхугъуэ зыхыбощIэ, зыбогъэпсэху, пIалъэкIэ нэхъ мыхъуми, нэгъуэщI Iуэхухэр пщогъупщэ. НэгъуэщIу сщIэркъым къызэрысIуэтэнур шыхэм ехьэлIауэ сиIэ гупсысэр, - жеIэ ди псэлъэгъум. - Иджыпсту сызыпэрыхьа лэжьыгъэр къохъулIэн папщIэ, дауи, шыр фIыуэ плъагъуныр мащIэщ. Абыхэм я хьэлхэр зэбгъащIэу уагурыIуэфын хуейщ. Шым и плъэкIэм, зыщIыкIэм набдзэгубдзаплъэу укIэлъыплъмэ, ар зыхуейр къыбгуроIуэ. Абы щыгъуэщ шумрэ шымрэ зы щыхъур. ЛэжьапIэм сыкъыщыувым, псом япэу аращ сызыщигъэгъуэзар мы шыхэр зыгъасэ Къазий Батыр. Абы сыкIэлъоплъри, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ хуиIэщ, зэпIэзэрыту егъасэ икIи, гу зэрылъыстамкIэ, зэи еуэркъым, тэмакъкIыхьу хуэмурэ ядолажьэ. Мы Iуэхур икIи жэуаплыныгъэ зыпылъщ жысIэмэ, езгъэлейркъым. Сыту жыпIэмэ, махуэ къэс цIыхухэр шым тыдогъэтIысхьэри къыдошэкI, абыхэм я шынагъуэншагъэм дыкIэлъыплъыныр нэхъыщхьэщ. Ди деж къокIуэ Iуэхум хэзыщIыкIхэри шым зэи темысахэри. Ауэ, фэ езым зэрыфлъэгъуащи, дишхэм зэи дыкъагъэщIэхъуркъым, ахэр гъэсащ. Пэжыр жысIэнщи, лэжьыгъэ хуэдэу щытми, шыхэр зэрысфIэфIым щхьэкIэ мыбдеж зыщызогъэпсэху.

Шым сыт хуэдизу зумыгъасэми, ар псэущхьэщ, убэлэрыгъамэ, зэрызищIынкIэ хъунури къыпхуэщIэнукъым. Апхуэдэ Iуэху ирихьэлIамэ, дыщыщIэупщIэм, хъыджэбзым къыджиIащ: «Шыр шэщым щIэтыIуамэ, и къару зэхуихьэсар здихьын къилъыхъуэу щIидзэ хабзэщ, къомыдэIуэжу къыщижыхьи къохъу. Апхуэдэу лэжьэн щIэздзауэ, зы тхьэмахуитI хуэдэ дэкIауэ арагъэнт, сыхьэтищым тещIыхьа зекIуэ цIыхухэр етшэжьат. Арати, «Бурак» къыщIидзащ дэлъейуэ, нэхъ псынщIэу къижыхьыну, джэгуну хуейуэ. Абы зыхуэзгъэбзаджэу сехъурджэуащ «узукIынущ», жыхуэсIэ щIыкIэу си Iэпэр щыхуэзгъэдалъэм, фи фIэщ зэрыхъун, асыхьэту сабырыжащ. Шумрэ шымрэ псалъэншэу зэрыщIэрт щIыжаIэр апхуэдэ гуэру къыщIэкIынщ. Мыбы сыкъызэрыкIуэрэ, адыгэшым и тхыдэм, къапщтэмэ, шыр зэрагъэхъуу щытам теухуауэ нэхъыбэ къэсщIэну сыхуейуэ сыхъуащ. Псалъэм папщIэ, гъэщIэгъуэнтэкъэ, шыр зейр зауэ губгъуэм къринэу ежьэжу зэрыщымытар! Къапщтэмэ, адыгэхэр псэзэпылъхьэпIэ ихуами, я шым папщIэ езыхэми зрагъэукIыфынут. «Адыгэм и ныбэр егъэныкъуэри, и шым и ныбэр екъу» псалъэжьым хуэдэхэм куэд къыбгурагъаIуэ».

КъэтцIыхуа хъыджэбзыр, къызэрыщIэкIамкIэ, Урысейм каратэмкIэ и гуп къыхэхами хэтщ, уеблэмэ а спорт лIэужьыгъуэм зэрысабийрэ ехъулIэныгъэшхуэхэр къыщехь.

- Си сабиигъуэми сыхэтащ спортым. Псом япэ дыдэу сызыхыхьар атлетикэ псынщIэрати, республикэ зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр къыщысхьат. АрщхьэкIэ, къыхэсха Iуэхур унагъуэм къыщыздамыIыгъыу (си адэшхуэм къищынэмыщIа) ар къэзгъэнэжын хуей хъуащ, - жеIэ Луизэ. - Илъэс 16 сыхъуа нэужьщ аргуэру сытегушхуэу спортым сыщыхыхьэжар. Абы щыгъуэм каратэр къыхэсхауэ, нобэр къыздэсым сфIэфIу сыхэтщ, зэхьэзэхуэхэм си къару сыщоплъыж.

Чыржыным Налшык спорт IуэхущIапIэхэм и гъэсакIуэ Думэныщ Мурат деж зыщегъасэ. Уеблэмэ и гъэсакIуэр зэи имыхъуэжауэ долажьэ. 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэсищ зэкIэлъыхьэуужьым Урысейм, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм щрагъэкIуэкIа зэпеуэхэм ар мызэ-мытIэу пашэ щыхъуащ, спортым и мастерым и кандидатщ. 2021 гъэм Москва къалэм каратэмкIэ щекIуэкIа дунейпсо турнирым япэ увыпIэри щызыIэригъэхьащ.

Спорт и лъэныкъуэкIэ хъыджэбзым и мурадхэм ущIэупщIэмэ, ар къэкIуэну илъэсым и дыгъэгъазэм Японием каратэмкIэ щекIуэкIыну дунейпсо чемпионатым текIуэныгъэр къыщихьынырщ, къехъулIэмэ, спортсмен ныбжьыщIэхэр игъасэу зэтриублэнырщ. Шыхэм я гугъу щищIкIэ, Чыржыным абыхэми гугъэшхуэхэр ирепх: шыгъажэхэм хэтыну зыхуигъэсэну щIохъуэпс. Ди гуапэщ хъыджэбз къаруyфIэ цIыкIум и мурадхэр къехъулIэну.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 22**, *щэбэт*

♦**Щхьэ куцIым и дунейпсо махуэщ**
♦**Боксым и дунейпсо махуэщ**
♦**1945 гъэм** КъАССР-м и щакIуэ хозяйствэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1914 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КIыщокъуэ Алим**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 24-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 23**, *тхьэмахуэ*

♦**Джейхэмрэ хыкхъуэхэмрэ я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и сату IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Абхъаз Республикэм и Къэрал ныпым и махуэщ**
♦**1923 гъэм** къалъхуащ совет дзэ къулыкъущIэ, генерал-майор, тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Нэхущ Мырзэбэч (Борис)**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ «Кабардинка» къэрал ансамблым и къэфакIуэу щыта, КъБР-м щIыхь зиIэ артист **ДзыхьмыщI Къэралбий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 24**, *блыщхьэ*

♦**Уи щхьэр езым бгъэфIэжыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ Кадастр инженерым и махуэр**
♦**1942 гъэ**м нэмыцэдзэхэм Дон Iус Ростов къалэр яубыдащ икIи Кавказыр къэзэуным яужь ихьащ.
♦**1940 гъэм** къалъхуащ композитор, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Даур Аслъэн**.
♦**1940 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, АКъУ-м и профессор **Къэзан Хьэмзэт**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, критик, литературэдж, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гъут Iэдэм**.
♦**1961 гъэм** къалъхуащ Адыгейм щыщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Хъунэгу Саидэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЦIыхум и цIэр езым зыфIещыж.**

● Бахъсэн къалэ

## Поликлиникэр къагъэщIэрэщIэж

**«ЦIыхухэм я узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ пэхуэщIэм хиубыдэу Бахъсэн къалэм дэт сымаджэщ №1-м и поликлиникэр зэрагъэпэщыж. Иджыпсту ухуакIуэхэр пэш кIуэцIхэм щIолэжьыхь, уэздыгъэ кIапсэхэр яхъуэж, школым екIуалIэ лъэс зекIуапIэм плиткэхэмрэ асфальтымрэ тралъхьэ, бетон къэухьэр, тетIысхьэпIэхэр, пхъэнкIий идзапIэхэр, уэздыгъэ пкъохэр ягъэув.**

ЗЫ МАХУЭМ хуэзэу цIыху 750-м Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэфыну поликлиникэм цIыху мин 60 къегъэщIылIауэ щытынущ, сымаджэхэм махуэм щеIэзэ къудамэм цIыху 20-м зэуэ щеIэзэфынущ. Абы цIыхухэр щызэтримыхьэн хуэдэу утыку хуитхэр, цIыхухэм я упщIэхэм жэуап щрат хъыбарегъащIэ IэнатIэ яIэнущ, дохутырхэр зыщIэс пэшхэр къыщыгъэлъэгъуа картэ щIыхьэпIэм деж фIалъхьэнущ. Поликлиникэр хьэзыр хъунущ 2024 гъэм.

## ФокIадэм ятынущ

**Бахъсэн къалэм Ленинымрэ и цIэр зезыхьэ и уэрамым хуэзэу тет МафIэ мыужьыхым и утыкур зыхуей хуагъазэ «Къалэм и теплъэр егъэфIэкIуэн» лъэпкъ проектым хиубыдэу.**

АБЫ къалэдэсхэм я процент 90-р гъэ кIуам щIэлъэIуат. А щIыпIэм пэмыжыжьэу щытщ курыт еджапIэу тIу, фэтэр куэду зэхэт унэ зыбжанэ. Сом мелуан 22-рэ зытекIуэдэну а ухуэныгъэр мы гъэм и мэкъуауэгъуэм яублащ, фокIадэм и кIэм яухыну я мурадщ. Совет къэралыр зэрылъэлъэж лъандэрэ апхуэдэ ремонт зэщIэгъэуIуа а щIыпIэм щрагъэкIуэкIакъым.

## Курыт еджапIэхэр хьэзыр мэхъу

**«ШколыщIэ» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Бахъсэн къалэм и «Кооператор» хьэблэм щаухуэ курыт еджапIэр мы илъэсым и дыгъэгъазэм хьэзыр хъунущ. ЦIыху 1224-м ятещIыхьа школыр къатищу зэтетщ, метр зэбгъузэнатIэ мин 26-рэ и инагъщ. Абы хэтщ тIысыпIэ 560-рэ зиIэ пэшышхуэ, спортзалу тIу, къэфэным щыхуагъэсэну пэш, цIыху 400-м щIигъу зыщIэхуэ шхапIэ. Пэшхэр псори 70 мэхъу.**

ШКОЛЫЩIЭМ хэтщ пхъащIэ, гъукIэ, дэрбзэр IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ, унагъуэ Iуэху щхьэхуэхэм щыхагъэгъуазэ щIыпIэхэр. ЕджапIэм и Iэгъуэблагъэм зыгъэпсэхупIэ, спортымкIэ утыку, топ джэгупIэ щаухуэнущ. Мы зэманым унэм и щIыпIэ щхьэхуэхэм блынхэр щаящ, класс пэшхэр зэпагъэщхьэхукIри, ток кIапсэхэр щаукъуэдиящ, псыр зэрыщIашэ икIи къызэрыщIашыж, пэшхэр къызэрагъэхуабэ бжьамийхэр, жьы зэпихупIэхэр щIадзауэ яукъуэдий, топ джэгупIэм иралъхьэну губгъуэ IэрыщIыр къащэхуащ. Нэхъыщхьэращи, школым езым щхьэхуэу хуагъэувынущ псы къыщIэшыпIэрэ къызэрагъэхуабэ хьэку щхьэхуэрэ. Абы текIуэдэнущ сом 1 мелардрэ сом мелуан 356-рэ. Иджыпсту псы къыщIэшыпIэр щIадзауэ ягъэхьэзыр. Абы тхьэмахуищ хуэдизкIэ пэрытынущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм еджэныгъэ IэнатIэр щегъэфIэкIуэн» лъэпкъ пэхуэщIэм хиубыдэу Бахъсэн къалэм дэт курыт школ №5-мрэ №7-мрэ я унэ щIыхьэпIэхэм, пэшхэм, утыкухэм йолэжь. Абыхэм къадэкIуэу зыхуей хуагъазэ унащхьэр, лъэгухэр, бжэ-щхьэгъубжэхэр, уэздыгъэ кIапсэхэр. Школхэр иджырей мардэхэм тету зыхуеину псомкIи къызэрагъэпэщынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Шыгъушэ Исмел и щIэблэр

● Зы лъэпкъым и тхыдэ

**Адыгэ (шэрджэс) лъэпкъыр Кавказым ис адрей лъэпкъхэм я нэхъыжьу жыпIэмэ ущыуэну къыщIэкIынкъым. Абы и щыхьэтщ ди эрэм ипэ къиихуэу илъэс минитIкIэ узэIэбэкIыжмэ, Азие ЦIыкIум къэралыгъуэ яIэу иса хьэтхэм дакъызэрытехъукIар. Дуней псом дыкъезыгъэцIыхуа ди хабзэ дахэр, ди нарт эпосыр, ди фащэ екIур, нэгъуэщI куэдри къыщежьэр хьэтхэм я дежщ, абы къегъэлъагъуэ лIэщIыгъуэ кIыхь къызэрыткIуар. Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ ди лъэпкъыр дуней псом щикъухьа хъуами, хэкужьым къинахэмрэ икIахэмрэ дызэрыщIэу, дызэлъэIэсу дызэдопсэу, дызэрыадыгэр ди напщIэ телъу, абы дрипагэу.**

ЦIЫХУМ псэуху игъэзэщIэн хуейуэ Iуэхугъуэ куэд и пщэм къыдохуэ. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэу адыгэм къалъытэу щытар бын гъэсэнырщ. Сыт и уасэ цIыху гъэсар?! ЦIыху гъэсаращ дунейр зэтезыIыгъэр. Дуней псом зи щIэныгъэ лэжьыгъэ телъыджэхэмкIэ цIэрыIуэ щыхъуа Эйнштейн Альберт жиIэгъащ: «Сэ си IэдакъэщIэкIыр зырикIщ, цIыху бгъэсэным елъытауэ». (Зи гугъу ищIыр и «Теория относительности» лэжьыгъэрт). Еджагъэшхуэм жиIам къегъэлъагъуэ гъэсэныгъэр зэрыкъалэн гугъу дыдэр, гъэсакIуэу ущытыныр щIыхьышхуэу, абы къыдэкIуэуи, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъу зэрыщытыр.

Адыгэм бын гъэсэным мыхьэнэшхуэ зэрыратыр къегъэлъагъуэ куэд щIауэ къадекIуэкI Адыгэ Хабзэм. Абы игъэзэщIэныр къыщожьэ сабийр дунейм къыщытехьэм деж. Унагъуэм къиищынэмыщIауэ, лъэпкъ псом я къалэнт щIэблэ узыншэ, гъэса къэгъэхъуныр.

Мыхьэнэшхуэ зрат Iуэхугъуэхэм ящыщт я лъэпкъ лIакъуэм и тхыдэр дэтхэнэми ищIэныр. УнагъуэцIэ къэс дамыгъэ яIэт, я къуэпсым и къежьапIэм лIэужьиблкIэ щыгъуазэт. Ди нэхъыжьхэм фIы дыдэу ящIэрт я лIакъуэ жыгыр зэрызэхэтыр, зи адэшхуэхэм я цIэхэр лIакъуиблкIэ къезымыбжэкIыфым фэ ираплъыртэкъым, дзыхь ирагъэзыртэкъым, щыхьэт ящIыртэкъым. «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ», - жаIэ адыгэм. Абы къыхэкIыуи лIакъуиблкIэ зи якум благъагъэ дэлъхэр зэрышэну хуиткъым. А Iуэхум ткIийуэ кIэлъыплъырт адыгэхэр. ГъащIэми щIэныгъэми къызэригъэлъэгъуамкIэ, апхуэдэхэм щIэблэ узыншэ къащIэхъуэртэкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ дахэхэм ящыщщ къэзыша щIалэм щауэишэж щращIэкIкIэ, нэхъыжьхэм я пащхьэ и адэшхуэхэм я цIэхэр лIакъуиблкIэ къыщриIуэн хуейуэ зэрагъэувыр. Ар умыщIэныр емыкIушхуэт, икIи щысабийм щегъэжьауэ абыхэм щыгъуазэу къагъэхъурт.

Шыгъушэ лъэпкъми гулъытэшхуэ худощI а Iуэхум, ди щIэблэм къызыхэкIам и тхыдэр ящIэу къэгъэтэджыным теухуауэ лэжьыгъэ щхьэпэхэр идогъэкIуэкI. Зеикъуэ (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ) щыпсэу Шыгъушэхэ 2008 гъэм къызэдгъэпэщауэ щытащ лъэпкъ хасэ. Ди унагъуэцIэм и тхыдэр зэхуэтхьэсыжри, «Си лъэпкъыр - си къежьапIэр» зыфIэтща тхылъыр къыдэдгъэкIащ. Абы итщ Шыгъушэхэ я лIакъуэ жыгыр. Тхылъыр экземпляри 100 хъууэ къыдэдгъэкIати, лъэпкъым яхуэдгуэшащ, Адыгейми, Шэрджэсми, Тыркуми щыпсэу ди къуэшхэми яIэрыдгъэхьащ. Абы итщ лъэпкъыр къызытехъукIыжа Исмел деж къыщыщIэдзауэ 2002 гъэр къэсыху къалъхуа цIыхухъухэм я цIэ-адэцIэхэр. Лъэпкъым и тхыдэр зэфIэдгъэувэжащ ди нэхъыжьхэм жаIэжу зэхэтхыжа, къэтхутэжа хъыбархэр и лъабжьэу.

Шыгъушэ Исмелщ Зеикъуэ жылэжьым дэс Шыгъушэхэр къызытехъукIар. Ар дэнэ къыщалъхуами, хэт и къуэми тэмэму къытхуэщIакъым, Исмел и унагъуэр Псыжь лъэныкъуэкIэ къызэрикIам фIэкIа. Ауэ ди адэшхуэхэм зэрыжаIэжамкIэ, Куэкуей и лIыр - Исмел - лIа нэужь, (Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдащ) и къуищымрэ и пхъумрэ щIыгъуу Псыжь къикIри (нэхъ тэмэмыр, къикIыжри), ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэ, бзылъхугъэм и дыщыр зыдэс къуажэм - КIурашынхэ я деж къэкIуэжащ. ХьэтIохъущыкъуей Ипщэр къыщыунэхум, Куэкуей и унагъуэр абы Iэпхъуащ. Зэшхэм анэм и цIэр унагъуэцIэ яхуэхъури, Куэкуей унэцIэр къащтащ икIи зэрахьащ, Псыжь кIуэуэ я къуэш Шыгъушэхэр къагъуэтыжыху. Хэти а лъагъуэм техьэжар Куэкуей и къуэ нэхъыжь Дулэу жеIэ, хэти и къуэ етIуанэ Ибрэхьиму къыхагъэщ. Си адэ къуэш нэхъыжь МытIэ жиIэжу зэрызэхэсхамкIэ, ар здэкIуар Хуэдз жылэращ. Адыгэ Республикэм щыIэ а къуажэм ноби Шыгъушэхэ дэсщ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Куэкуей и къуэхэм я лъэпкъыр къагъуэтыжри, я унагъуэцIэ дамыгъэри зыIэрагъэхьэжащ, Шыгъушэ унэцIэри къащтэжащ. Куэкуей и къуэ ещанэм и цIэр Жамбэчщ. Мис а зэшищым - Дулэ, Ибрэхьим, Жамбэч сымэ - къатепщIыкIыжащ ХьэтIохъущыкъуей Шыгъушэхэр. Я шыпхъу ФатIимэт Ашэбокъуэ Мысхьуд щхьэгъусэ хуэхъуащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, Мысхьуд лIы лъэрызехьэу, ХьэтIохъущокъуэпщым и щхьэхъумэу (бейгуэлу) щытащ.

2002 гъэм едгъэкIуэкIа къыхэтхыкIым къызэригъэлъэгъуамкIэ, Исмел къытехъукIар псори нэрыбгэ 528-рэ мэхъу. Ахэр нобэ щопсэу Зеикъуэ, Жанхъуэтекъуэ, Дыгулыбгъуей, Шэджэм, Щхьэлыкъуэ къуажэхэм, Налшык, Тырныауз, Бахъсэн къалэхэм. Исмел и лъэпкъ къуэпсым хэмыхьэ Шыгъушэхэри щыIэщ. Ахэр щопсэу ди республикэм и къуажэ зыбжанэм. Нэхъ иужькIэ къэтщIащ ди унэкъуэщхэр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэми, Краснодар крайми, Тыркум, Сириемрэ нэгъуэщI хьэрып къэралхэмрэ зэрыщыпсэур. КIэщIу жыпIэмэ, Шыгъушэ унагъуэцIэр зезыхьэхэр дуней псом щикъухьа хъуащ. Сыт ар къызыхэкIар? Абы и щхьэусыгъуэр илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа зауэжьырщ. Зи щхьэхуитыныгъэр зыхъумэжыну хущIэкъуа лъэпкъхэу бийм нэхъ ерыщу пэщIэувахэм ящыщщ адыгэхэр (шэрджэсхэр), нэхъ удынышхуэ зытехуари ахэращ. А зэман хьэлъэм адыгэ къуажэ куэд ягъэсащ урыс генералхэм. Лей къызытехьэ лъэпкъыр щхьэхуимыту ирахулIащ я хэкур ябгынэным. Хэкум икIыныр зигуми зи псэми тезымыгъэхуэф къэбэрдей адыгэхэр къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ Iэпхъуащ, псом хуэмыдэу цIыху нэхъыбэ абыкIэ щыкIуар Къэбэрдейр Урысейм щиубыд зэманыращ - 1772 - 1822 гъэхэм.

КъызэрытхутамкIэ, БжьахъуэкъуейкIэ зэджэ жылэм, (а жылэр дунейм текIыжащ, нэгъуэщI куэдми ещхьу) Шыгъушэ унэцIэ зезыхьэхэр щыпсэуащ. Ар нобэрей Зеикъуэм (ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм) ипщэкIэ дыгъэмыхъуэм исащ, Къэзаныкъуей (Къэзанокъуэ Жэбагъы и жылэ) пэмыжыжьэу.

Генерал Ермоловым и унафэкIэ къухьэпIэмкIэ щIэпхъуахэр залымыгъэкIэ къахужащ Къэбэрдейм, ерыщ екIуэу зизыгъэнахэр зэтраукIащ, зызыгъэпщкIуфахэр а щIыпIэм къыщынащ. Абыхэм къагъэхъуа къэбэрдей къуажищ Адыгейм ноби щыIэщ: Куэшхьэблэ, Блашэпсынэ, Хуэдз. А жылэхэм щопсэу зауэ зэманым щIэпхъуэжа Шыгъушэхэм я щIэблэри. Дызэрыгъуэтыжауэ дызэрощIэ, дызэкIэлъокIуэ. Шыгъушэхэ я лъэпкъ зэхуэсым, 2008 гъэм едгъэкIуэкIауэ щытам, ахэри хэтащ. А зэхыхьэм къедгъэблэгъат Тыркум и Къайсэр къалэм дэс Шыгъушэхэри, ауэ абы щыгъуэм къэкIуэжыфауэ щытакъым. ИужькIэ ди хьэщIащ хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуа Шыгъушэ Ибрэхьим. Лэжьыгъэ IуэхукIэ хэкум къэкIуа щIалэр, и унэкъуэщхэр нэхъыбэу зыдэс Зеикъуэ жылэм накIуэри дызригъэлъэгъуащ, я хъыбари къытхуиIуэтащ. Абы и нэхъыжьхэм жаIэжу зэрызэхихамкIэ, и адэшхуэм и адэр Хьэжы-Алийщ. Ар 19-нэ лIэщIыгъуэ икухэм и къуищыр и гъусэу Къэбэрдейм икIри, Тыркум Iэпхъуащ. Зэкъуэшищым я зыр Тыркум къыщынакъым, абы и Iуэху зэрыхъуам щыгъуазэкъым. Адрей зэшитIым къатепщIыкIащ нобэ Тыркум щыпсэу Шыгъушэхэр.

Новороссийск щыпсэу ди унэкъуэщ хьэрычэтыщIэ щIалэ Шыгъушэ Хъусен 2013 гъэм Къайсэр кIуэри, абы щыпсэу ди благъэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм зыщигъэгъуэзащ. Абы къызэрытхуиIуэтэжамкIэ, пщIэшхуэ къыхуащIу ягъэхьэщIащ, адыгэ хабзэм къигъэув псори къыкIэлъэзэрахьэу. Хъусен и хъыбархэм къызэрыхэщыжамкIи, ди къуэшхэм я бзи, я хабзи яхъумэ, хъарзынэу я Iуэху дэкIыу мэпсэу. Я адэшхуэхэм я адэжхэр а щIыпIэм къызэрыщыхутам теухуауэ нэхъыжьхэм къыжраIэжахэм щIагъэдэIуащ, хэкужьым исхэм сэлам гуапи къытхуагъэхьыжащ.

Иджыри зэ къыхэдгъэщынщи, Зеикъуэ Шыгъушэхэр къызытехъукIа Исмел къэбэрдей адыгэщ. 19-нэ лIэщIыгъуэм Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ кIуэдыжа Бжьахъуэкъуей жылэм, зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, 1800 гъэм къыщалъхуащ. Исмел и къуищыр щIыгъуу Тыркум Iэпхъуа Хьэжы-Алий и къуэшу е и къуэшым и къуэу ди гугъэщ. Абы щIэныгъэ иIащ. 1861 гъэм къызэрагъэпэщауэ щыта, Къэбэрдей судыр хэзых хэхакIуэхэм яхэтащ. 1861 гъэм Къэбэрдейм апхуэдэ хэхакIуэхэу щыIащ цIыхуи 108-рэ. Бжьахъуэкъуей жылэм щыщу абыхэм яхэта цIыхуи 5-м язщ Хьэжы-Алий. ИужькIэ абыхэм зэрахьэ Iуэхухэм адыгэ хабзэм къемызэгъ урыс пщалъэхэр къыхалъхьэн щрагъажьэм, абыкIэ арэзы мыхъуу, езыр щIэлъэIури и пщэрылъыр зыщхьэщригъэхащ, хьэж ищIыну ежьэри, Тыркур увыIэпIэ хуэхъуащ. ЩIэныгъэлI Бейтыгъуэн Сэфарбий и «Кабарда в фамилиях» тхылъым Шыгъушэ Хьэжы-Алий и гугъу къыхощ.

Куэкуей и бынхэр щIыгъуу ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм къыщыIэпхъуар, зэрыхуэдгъэфащэмкIэ, 1850 гъэхэращ. И къуэ нэхъыжьитIым я анэм и гъунэгъуу щIапIэ щыхупачри, лъапсэ щаухуащ, нэхъыщIэ Жамбэч и анэ Куэкуей къыбгъэдэнащ. Исмелрэ Куэкуейрэ я щIэблэр я щIапIэжьым ноби исщ. 2002 гъэм къызэрыдбжамкIэ, зеикъуэ Шыгъушэхэр унагъуэ 80-м щIегъу, абы я щIэблэр псори нэрыбгэ 500 мэхъу.

Мыдрейуэ Тэрч щIыналъэм, Къулъкъужын щыпсэу Шыгъушэхэри ди благъэхэм ящыщу къыдолъытэ. Джаур зауэжьым щыгъуэ щIыпIэм къинэу я хэщIапIэр яхъуэжауэ е ПсыжькIэ къикIыжахэм яхэтами, я лъапсэхэм имытIысхьэжу а жылэхэр псэупIэ ящIауэ. Аращи, къызэрытхутамкIэ, Шыгъушэу дэнэ щIыпIэ щыпсэури зэкъуэшщ, зэIыхьлыщ.

*Мыри гъэщIэгъуэнщ: 1907 гъэм ХьэтIохъущыкъуей Ипщэм щрагъэкIуэкIа къыхэтхыкIым къызэригъэлъагъуэмкIэ, Куэкуей и къуищым къатехъукIар зэрыхъуу щытар унагъуи 8-щ. Мис ахэр (архивым къызэритхыжам хуэдэ дыдэу дотхыж):*

*Фонд И-6 опись 1 ед. хр. 703 т 1.*

*Подворный семейный список селения 1-е Атажукино.*

*Начато 3.01.1907 г. Окончено 19.12.1907 г.*

*433 Шугушев Тату Дулович - 54*
*сын Мисост - 23*
*Женского пола - 5 душ.*
*434 Шугушев Маша Дулович - 54*
*Сыновья его: Талустан - 17*
*Хажмурат - 12*
*Женского пола - 3 души.*
*435 Шугушев Астемыр Дулович - 39*
*Сыновья его: Тут - 11*
*Ханах(ъу) - 8*
*Кемал - 3*
*Женского пола - 4 души.*
*436 Шугушев Хамзат Дулович - 36*
*Сыновья его: Хамид (ТIалэ) - 2*
*Женского пола - 1 душа*
*437 Шугушев Жамбек Исмелович - 79*
*Его сын Касым - 36*
*Женского пола - 2 души.*
*438 Шугушев Мату Жамбекович - 49*
*Сыновья его: Хазеша - 17*
*Хакяша(Магуэ) - 12*
*Женского пола - 7 душ.*
*439 Шугушев Пат Ибрагимович - 49*
*Сыновья его : Хапаго (МытIэ) - 15*
*Пата брат Пытак - 46*
*Хабиж - 11*
*Нура - 4*
*Женского пола - 3 души*
*440 Шугушев Асхад Ибрагимович - 59*
*Сын его Тыма (ТIымэ) - 17*
*Женского пола - 4 души*

Псори нэрыбгэ 52-рэ хъууэ щытащ: цIыхухъухэр - 23-рэ, бзылъхугъэхэр - 29-рэ.

**ШЫГЪУШЭ Алий.**
*Зеикъуэ (ХьэтIокъущыкъуей Ипщэ) къуажэ*

# Шордакъым и дыгъуасэмрэ нобэмрэ

● Жылагъуэ

**Дзэлыкъуэ куейм хиубыдэ Шордакъ къуажэр нэхъ цIыкIухэм хабжэ, ныбжьышхуи зимыIэ жылагъуэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, тхужыIэнукъым дэ, журналистхэм а къуажэм гулъытэ лей хуэтщIу. Ар дгъэзэкIуэжыну иджыблагъэ дэ дыщыIащ мы къуажэм икIи и блэкIамрэ и нобэрей гъащIэмрэ щыгъуазэ зыхуэтщIащ. Ди мурадыр къыдэхъулIэнымкIэ сэбэп къытхуэхъуащ мы жылагъуэм щыIа колхозым илъэс куэдкIэ и тхьэмадэу щыта ТIыгу Нэну ипхъу, администрацэм и лэжьакIуэ ТIыгу Лизэ.**

ПЭУБЛЭУ дэ абы делъэIуащ Шордакъ и тхыдэм щыгъуазэ дыхуищIыну. Абы зэрыжиIамкIэ, мы щIыпIэ нэщIу, зыми имейуэ щытам къуажэр къыщытIысар 1925 гъэрщ. Лъэпкъиищ хъууэ Сэрмакъ къыдэкIри, мыбы къыдэтIысхьауэ арат. Хуэм-хуэмурэ адрей лъэпкъхэри къэIэпхъуащ. Абы щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу иIар цIыхухэм псы, хъупIэ нэхъ здэщыIэ къызэралъыхъуэрт. НобэкIэ Шордакъ къуажэм 1750-рэ цIыхуу дэсщ. Нэхъыбэу зэлэжьыр мэкъумэшырщ. Зэрахуэгъэкъаруун елъытакIэ, гектар бжыгъэкIэ бэджэнду къащтауэ щIым толэжьыхь, хадэхэкI къагъэкI, Iэщ, мэл, джэдкъаз ягъэхъу. Абы и лъэныкъуэкIэ пашэр «Iуащхьэмахуэ» ООО-рщ икIи гуэдз, нартыху, сэхуран къегъэкI. Сабий щыгъын щаду зы IуэхущIапIэ щыIэщи, цIыху 20 хуэдиз еубыд.

Ди къуажэдэс куэдыр зыгъэпIейтейр псыр зэпымыууэ зэраIэрымыхьэрщ. А гукъеуэри щыIэщ Шордакъым - псом я деж ар нэскъым. МахуитIым псыр зэ къижу аращ и нэхъыбэм. Ахъшэ хухахыу псы къыщIэжыпIэ ящIами псоми яхурикъуркъым.

ЦIыхухэр Налшык кIуэн-къикIыжынри гугъущ, махуэм транспортыр къуажэм тIэу дыхьэу аращ - пщэджыжьым сыхьэтиймрэ махуэм сыхьэтищымрэ. Ари гукъеуэу яIэщ цIыхухэм. ИтIанэ, Пятигорск щылажьэ мыбы дэсщи, абы кIуэнри гугъусыгъущ.

Шордакъ дэсхэм ягу къоуэ Налшыки республикэми къыщекIуэкIхэм зэрыщымыгъуазэр. Сыту жыпIэмэ, нэхъ пхыдзауэ зэрыщытым къыхэкIыу, телевизоркIи радиокIи къатхэр куэд щIауэ ялъагъуркъым, зэхахыркъым, газетхэри тэмэму яIэрыхьэркъым.

Гукъеуэр мымащIэми, шордакъдэсхэр тхьэусыхэу дэмыту я щхьэр, унагъуэр зэрапIыжыным зэрыIыгъыу, пщIэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу хущIокъу.

**ШАФИЙ Аслъэн.**

**АЦКЪАН Руслан**

**Новеллэ**

# Псэ тIуащIэ



Жылэ псом пщIэ зыхуащI лIыжьхэм ящыщ Къэсей зы пщыхьэщхьэ гуэрым Беслъэнхэ я куэбжэм къытеуIуащ. Беслъэн дэкIри лIыжьыр къыдишащ, ауэ Къэсей унэм щIыхьэн идакъым. «СопIащIэ, Iуэхукlэ сыкъыпхуэкIуащ, – жиIащ, хьэлъэу хэщэтыкIри. – Сэ куэд зэзгъэзэхуащ, уи деж сыкъэкIуэн ипэкIэ. СощIэ узэрыцIыху пэжыр, уи гущабагъми фIыуэ сыщыгъуазэщ. СыкъыбгурыIуэну сыпщогугъ. Сыт мы къомыр къыщIригъэкIуэкIыр жыпIэнкIэ хъунщ, ауэ Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэркъым.

Иджы бжесIэнут уи цIыхугъэм хуэныкъуэ сыщIэхъуар. СызэрынолъэIунур пхузэфIэмыкIынумэ, занщIэу къызжеIэ, си жагъуэ сщIынкъым».

Къэсей ауэ иригъэувэха матэм зыгуэр зэрисым Беслъэн гу лъитат, ауэ япэ илъадэу упщIэ лей иримытым нэхъыфIу къилъытащ.

«Мы цIыкIур дыгъужь шырщ, – жиIащ Къэсей, матэм исыр къригъэлъагъуурэ. - Уэ бощIэ сэ щакIуэхэм сащIыгъуурэ сыкъызэрекIуэкIар, ауэ игъащIэм зы псэ згъэнакъым. Си ныбжьэгъухэм я гъусэу мэзым сыщIэтт, хьэуа къабзэкIэ сыбауэу. Уеблэмэ, сыIэуэлъауэу, мэз бжэн щаIэщIэзгъэкIа щыIэщ. Зы псэущхьи дыIуимыгъэуэну Тхьэм селъэIурт. Си гъусэхэм зыгуэр къаукIамэ, Iыхьэ схухахыну хуежьэрт, ауэ, щхьэусыгъуэ мин сщIырти, здэртэкъым. Ар зэраукIар жэщкIэ си нэгу къыщIыхьэжырти, жейр сфIэкIуэдырт.

Апхуэдэу илъэс куэдкIэ сыкъекIуэкIащ, Беслъэн. Иджы, си жьыщхьэ, щIэщхъушхуэ къысщыщIащ. Сэ зыкъом щIауэ сыкIуэжыртэкъым мэзым, ауэ си ныбжьэгъухэр зымахуэ къысщыхьэпащ, накIуэ ди гъусэу, нэгъуэщI мыхъуми утеунщ, жьындум хуэдэу махуэ псом тетIысхьэпIэм утесщ, блэкIми къыблэкIыжми укъаужэгъуауэ жаIэри.

Сытми, сыкъытрагъэхьэри, садежьащ. Япэм хуэдэу къысхуэкIухьыжыркъым, илъэс пщIей жыхуаIэр мыбдеж щылъ. Си гъусэхэм сакъыгуроIуэри, ари Iэджэ и уасэщ, зыкъыздащIурэ докIуэ.

ВыщхьэфIэчкIэ дэдгъэзейри фIыуэ дыкIуащ. Мэзыр нэхъ Iув хъу зэпытт. Сешат, сыкъызэрежьами сыхущIегъуэжат, ауэ си гъусэхэм закъезгъэщIэну сыхуейтэкъым, лIыгъэншафэ зрезмыгъэплъын щхьэкIэ.

Апхуэдэу дыкIуэурэ щIыIэнэщI тIэкIу дыхуэзащ. Сыплъэмэ, мэзым хыхьэ чыцэ Iувым ибгъу дыдэм екIуэкIыу щIылъэ мэракIуэ бэгъуа солъагъу. Лъэгуажьэмыщхьэу удз кIырым сыхэувауэ мэракIуэ хъуар сошх, ажалым сыкъезыгъэлыну хущхъуэр абы хэлъ фIэкIа умыщIэну. Сабиигъуэм згъэзэжащ жыпIэнт.

Абы хэту чыцэм зыгуэр щыхъеяуэ къысфIощIри, сыкъызэфIоувэ. НитI лыду къызоплъ, хуэм дыдэурэ си дежкIэ къокIуатэ. Си IэпкълъэпкъыIр зыгуэрым зэщIиIулIащи, зысхуэгъэхъейркъым, си щIыфэр мэтхытх. Къызгурыlуат дыгъужь сызэрыIуувар.

АдэкIэ къекIуэкIар зы напIэзыпIэм къэхъуа Iуэхугъуэщ. Дыгъужьыр къапкIэри, и дзэлыфэр тIауэ си пащхьэ дыдэм къиуващ, зэ къэпкIэжмэ, зыкъызидзыну. Фочыр си плIэм къызэрыфIэсхар сщIэжыркъым, ар зэрызгъэуам ещхьыркъабзэу. Къэщтэкъауэу сеуауэ аракIэ тхьэ соIуэ, Беслъэн. И натIэку дыдэм хуэзэу сытемыхуами сыт хъунт, игъащIэм хьэфэ мывэдз къудейкIэ шэрыуэу сыщытакъым.

ГъэщIэгъуэнракъэ, си гъусэхэм ящыщу зы цIыху къыслъыгъуэзакъым, мыр дэнэ щыкIуэдар жаIэу. Ешам, иригъэзыхыжа хъунщ жаIауэ къыщIэкIынщ. Фочыр щызгъэуам, уэ макъкIэ къыспэджэжахэщ, си щхьэр тезгъэуж я гугъа?!

Сэ сыщытт, Iэпкълъэпкъ псом хуэш хыхьауэ фIэкIа умыщIэну, къысIэщIэщIар хуэмурэ къыспкърыхьэжу.

ТIэкIу зыкъэсщIэжа нэужь, дыгъужьыр здэщылъымкIэ сокIуатэ, адэкIэ сщIэнум сегупсысу. Дыгъужьым и псэр хэкIат и дзэлыфэр зэрытIауэ.

Мыжыжьэу бжэгъу папцIэ зыбжанэ щылъу къызолъагъу, зыгуэрым пщыIэ ищIыну къигъэхьэзыра хъунт. Зы бжэгъу къасщтэри, абыкIэ мащэ къэстIу щIэздзащ. Зыкъом лъандэрэ уэшх зымылъэгъуа щIыр жащи, гугъу срегъэхь. Сытми дыгъужь тхьэмыщкIэм, мыкуу дыдэми, мащэ хузэзгъэпэщащ.

Сызэремыплъыным иужь ситурэ, дыгъужьыр бжэгъумкIэ мащэм изогъэукIуриери, ятIэ тызотхъуэж. Си псэр пыхуу сешащи, жыг дакъэм сытотIысхьэ. ТIэкIу зызгъэпэсхунщи сежьэжынщ жысIэу сыздэщысым, си лъакъуэм зыгуэр щабэу къоIусэ. Блэ къыскIэщIэпщхьа си гугъэри сыкъэщтат, ауэ мис мы дыгъужь шыр цIыкIур си пащхьэм ист, сабийм хуэдэу къызэплъу. Абы тегужьеикIа мыгъуэу арат дыгъужь анэр. Нэхъ Iеижу сыщыгузэвар иджыт. Ар гуэныхьу пхурикъунтэкъэ, щIэжьейр зеиншэу къэбгъанэу...

Сытыт иджы сщIэнур? Дыгъужь шырым зыкъысщехъуэ, си хъуреягъыр къекIухь. Абдежым быдэу зыхэсщIат иджы сэ фIэкIа зыщыгугъын абы зэримыIэр. Къасщтэри, си гуфIакIэм дэзгъэтIысхьащ, апхуэдэу къэсхьри сыкъэкIуэжащ.

ЖыIэгъуейт сэ зыхэсщIэр. Дыгъужь шырыр унэм къэсхьакIэ зэфIэкIрэт. Псори къызогъанэри, зи анэр сыукIам махуэ къэс сыIуплъэу дауэ сыпсэунут? Ахэр зэзгъэзахуэурэ, уэ сигу укъэкIащ. «Ар цIыху дыщэщ, аращ сэ къыздэIэпыкъуфынур», – сегупсысащ.

Беслъэн жиIэнур имыщIэу щытт. Къэсей, къагъэщIэхъуауэ къыгурыIуэри, дыгъужь шырыр зэрыс матэр къищтэжащ. Беслъэн, зы къару гуэрым игъэIэбэри, матэр лIыжьым къыIэщIихащ...

Мис иджы дыгъужь шырыр Беслъэн и пщIантIэм дэсщ. Унагъуэм исхэм ар фIыуэ ялъэгъуащ, езым яшхым хуэдэ ирагъэшх. Езы цIыкIури, дыгъужьу къалъхуауэ умыщIэну, гумащIэщ, къыщедэхащIэри фIэфIщ. Зэманыр псынщIэу макIуэ, дыгъужь шырыр къэжэпхъащи, зэраныгъэ гуэрхэр ищIэну хэтщ. КъыIэрыхьэр ирелъэфажьэри, адэ-мыдэкIэ щегъэпщкIу, къэлъыхъуэжи хэт итIанэ. Ар зыкIэрымыкIыххэр Беслъэнт, лэжьапIэ къикIыжыху тепыIэншэу абы пэплъэрт, цырхъ зэхихамэ, куэбжэмкIэ жэуэ.

Ауэрэ бжьыхьэри къэсащ. ДяпэкIэ жэщхэр щIыIэ хъууэ хуежьэнут, дыгъужь шырым хуабапIэ гуэр хуэщIын хуейт. Пхъэбгъу кIапэ сыт хуэдэхэр зэхуихьэсри, Беслъэн абы гъуэ хъарзынэ хузэкIэриIулIащ, дахэуи илэжащ. Дыгъужь шырыр гъуэм имызагъэу зыкъомрэ гугъу иригъэхьащ. И IэкIэ иригъэтIысхьэрти – къыфIикIыжырт, ибэмпIыхь фIэкIа умыщIэну. Унэ щIыхьэпIэм деж щылъу нэху къекIырт. Зы пщэдджыжь гуэрым ар и гъуэм ису нэху къекIащ. Ар къызыхэкIар зыми къыхуэщIакъым.

ПсэкIэ пыщIа хъуат Беслъэн дыгъужь шырым, абы и Iуэхур зэрыхъунур зэримыщIэм игъэпIейтейрт, «Хьэм сыткIэ къыщхьэщыкIрэ мыр, Тхьэм кърита гъащIэр къигъэщIэнщ», – хужиIэжырт и щхьэм, ауэ Iуэхур апхуэдэ дыдэу зэремыкIуэкIынур зыхищIэрт.

Апхуэдэурэ илъэси, илъэситIи дэкIащ. Иджы дыгъужьыр балигъыпIэ иуват, и хьэлми зихъуэжат. Псом хуэмыдэу и плъэкIэр нэгъуэщI хъуат. Абы и нэм гущIэгъуншагъэ гуэр къыщIэщу къыщыпщыхъу щыIэт, псом хуэмыдэу жэщкIэ.

Къэсей дыгъужьым и Iуэху зытетыр зригъащIэ зэпытт, ауэ слъагъунщ жиIэу къакIуэртэкъым. Тхьэрат зыщIэр абы и гум щызэблэкIыр.

Гъунэгъу ищхъэрэ Хьэту зыкъом щIауэ Беслъэн и пщIантIэм къыдыхьэжыртэкъым, абы дыгъужь зэрыдэсыр псоми яжриIэрт, игъэшынэу. Дыгъужь шырым япэу щыIуплъам елъэпэуат Хьэту. Иджы ищIэр нэхъыкIэжт. Бжыхьым зыгуэрхэр къыщхьэпридзырт, абы къытригъэхуэну хэту. Беслъэн зыри хужыIэртэкъым, хуейтэкъым гъунэгъум и жагъуэ ищIыну. Модрейр ерыщ екIуэ зэпытт. «Абы къывищIэр флъагъунщ. Дыгъужьыр сыт хуэдизрэ умыгъашхэми, мэзымкIэ маплъэ», – жиIэрт абы, бжыхьым къыщхьэпрыпсэлъыкIыу. Беслъэн ар зэхимых хуэдэу зищIырт, ауэ езыри абы егупсысырт, сыт щыгъуэу пIэрэ дыгъужь хьэлыр къыщыушынур жиIэу.

Япэм гу зылъимыта гуэрхэр дыгъужьым дилъагъу хъуат Беслъэн. Щхьэусыгъуэ имыIэ хуэдэми, зэм и дзэлыфэр къыхуитIынт, и нэр лыду зиплъыхьу.

КIэлъыплъурэ Беслъэн къыгурыIуащ Хьэту унэм къыщIэкIа нэужь дыгъужьыр къызэрызэкIуэкIыр, абы гужьгъэжь зэрыхуиIэр. Зы махуэ гуэрым, бжыхьым дэлъейри, и пщIантIэм къыдыхьэжа лIым и пщэдыкъым зыдидзащ. Ар къилъагъуу Хьэту и къуэр унэм къыщIэмыжамэ, зы бэлыхь къэхъунт. ЩIалэм дыгъужьыр бжыхьым къыщхьэпридзыжащ.

Беслъэн и дыгъужьым ишхыну зэрыхэтар Хьэту гъэщIэрэщIауэ къуажэм дихьэжыфынтэкъэ. «Фи дежи къэсынущ а хьэкIэкхъуэкIэр, флъагъунщ абы къывищIэр. Фи сабийхэм фахуэсакъ», – яжриIэрт абы зыхуэзэу хъуам.

Куэд дэмыкIыу къуажэдэсхэр къызэрехьэжьащ. ЛIыжь зыбжанэ къагъэдаIуэри, Беслъэн и деж къагъэкIуащ. Къэсей зи щакIуэгъуу щытахэм ящыщи яхэту. Жыжьэу къэуври, къэджахэщ. Беслъэн дыгъужьыр и гъусэу пщIантIэм дэсти, джэ макъыр щызэхихым, дэкIащ.

«Мыр сыту жыжьэу фыкъэувыIа, фынеблагъэ», – япежьащ ар лIыжьхэм.

«Дынеблагъэуи дыхэтынукъым, Беслъэн, дэ ебгъэтIылъэкI мыхъун IуэхукIэ дыкъыпхуэкIащ, – жиIащ лIыжьхэм ящыщ зым. – ДыкъэбгъэщIэхъумэ, ди жагъуэ хъунущ. Ди жылэм цIыхуу дэсыр гузэвэгъуэ хэхуащ, ар къызыхэкIар уэ фIыуэ бощIэ. Уи дыгъужьым леишхуэ зэрихьэнкIэ зэрыхъунур къыбгурыIуэну дыхуейт. Ди сабийхэм щхьэкIэ дыгузавэу дыкъэнащ. Ар къемызэгъщ. Дэнэ ухуейми хьы, а дыгъужьыр ди жылэм дэс хъунукъым, аращ ди иужьрей псалъэр. Ар къыпхуэзыхьа Къэсеи дыхуэзэну ди гугъат, ауэ, сымаджэу хэлъщ щыжаIэм, къэдгъэнэжащ».

Ар жаIэри, лIыжьхэр ежьэжащ. Зы псалъэ абыхэм япидзыну хунэмыса Беслъэн щытт, и щхьэр къыфIэхуауэ. Сыт иджы ищIэнур? IупскIэ ипIар дауэ и IэкIэ зэриукIыжынур? Мэзым щIеутIыпщхьэжри – хьэкIэкхъуэкIэм яхэзэгъэжынукъым, яшхыжынущ. ЦIыхухэм гужьгъэжь яхузиIэр зыгуэркIэ мэзым къыщIэкIмэ, ищIэнури зыщIэр хэт. ГъущI хъарым ибгъэтIысхьэмэ – и гур зэгуэудынщ. ТхакIуэшхуэ гуэрым жиIар ищIэжыркъэ абы: «Дэ зэдгъэса дэтхэнэ зы псэущхьэми и гъащIэмкIэ жэуап дохь».

Беслъэн пщIантIэм щыдыхьэжым, дыгъужьыр, япэм хуэдэу гуфIэу къыпежьакъым, нэщхъейуэ лъэныкъуэкIэ IукIуэтри, и щIыбыр къэгъэзауэ тIысащ. Дамэдазэм дэплъу щысат, дауи, лIыжьхэм жаIари къыгурыIуауэ къыщIэкIынут.

Беслъэн гушыIэ хэмылъу къэгузэват. Дыгъужьыр ирипхыну триухуащ, зэкIэ нэгъуэщI къыхуэгупсысакъым.

Ирапха нэужь, дыгъужьым, къэхъуар къыгурымыIуэу, зыкъомрэ зигъэкIэрэхъуащ, итIанэ кIапсэм езауэу щIидзащ. Сытми, ешри, мыарэзыуэ етIысэхащ.

«Аращ дяпэкIэ, – жиIащ Беслъэн. – Абы ухуэмеямэ, делагъэ пщIэнтэкъым». КъращIар игу зэрытемыхуэр дыгъужьым и нэгум къищырт, япэм димылъэгъуауэ, абы и нэм гущIэгъуншагъэм ещхь гуэр къыщIэуват.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Беслъэн дэкIащ, куэбжэпэм деж щыт тетIысхьэпIэм тIэкIу сытесынщ жиIэри, абы и гур загъэртэкъым. Зыгуэрхэр сэлам кърахыурэ блэкIащ, хэти, къэувыIэри, къыдэуэршэращ. Сыт жамыIэми, абыхэм Iуэхур дыгъужьым хуагъэкIуэжырт, и жагъуэ къамыщIыну хэтурэ, чэнджэщ кърагырт, щтэIэщтаблэу заплъыхьу.

Беслъэн къыгурыIуат мыбдежми псэхугъуэ зэрыщимыIэнур. Дыхьэжыну къэтэджыжат, ауэ зымахуэ унажэу къыхуэкIуа лIыжьхэм ящыщ зы къэблэгъауэ илъагъури, къэувыIэжащ, себийуэ къыфIэщIынщ жиIэри. ЛIыжьыр яхуэзанщIэ щыхъу дыдэм, зыкъызэрыкIэричар Тхьэм ещIэ, дыгъужьыр бжыхьым къыщхьэпрылъащ, кIапсэр кIэрылэлу. Зы напIэзыпIэм ар гужьея лIыжьым и пащхьэ къихутащ, и дзэлыфэр тIарэ лIыжьым зридзын хьэзыру. Беслъэн насып иIэти, зэраныгъэ имыщIэ щIыкIэ, къиубыдыжащ, езы дыдэм къемыдэIуэжу, къызэдзэкъэкIыу дишэжри, ирипхыжащ.

ЛIыжьым и фэр шэхум хуэдэу пыкIат, и Iупэр пIэжьажьэрт. Къыхуигъэгъуну елъэIуурэ Беслъэн абы кIэлъыкIуэтат, ауэ жэуап лъэпкъ къритакъым. Ар кIуэрт, къемыплъэкIыу, къызэшхыдэкI зэпыту.

Беслъэн и щхьэр къыфIэхуауэ унэм щIыхьэжри етIысэхащ. Иджы абы быдэу и фIэщ хъуат дыгъужьыр зэрыхуэмыIыгъыжынур. Езым и унагъуэ дыдэм щхьэкIэ гузавэу щIидзат. Ауэ дауэ зэрищIынур, сыт хуэдэ Iэмал иIэр?

Дыгъужьым псэ тIуащIэ иIэу къыщIэкIат – зыр къыдалъхуауэ, адрейр зыхилъхьауэ. Иджы япэр къытекIуэу щIидзат, абы къэгъазэ иIэнуи къыщIэкIынутэкъым.

Беслъэн жэщ псом жейм езэгъакъым, зы пщIыхьэпIэ мышум адрейр къыкIэлъыкIуэу илъагъуу нэху игъэщащ. Псом хуэмыдэу игу къинащ иужьрей пщIыхьэпIэр, нэхущым деж Iурихыжу илъэгъуар. И щIыб къыдыхьауэ зыгуэрым къыжриIэ хуэдэт: «Уэ Къэсей и фочыр ауэ сытми къуитауэ уи мыгугъэ, а лIы губзыгъэм ищIэрт абы ухуей зэрыхъужынур. А фочращ Iэмалу уиIэр, аращ гузэвэгъуэшхуэм укъезыгъэлынур».

Беслъэн къэушауэ хэлът, и гур къызэреуэр зэхихыжу. Зыгъэпсэхугъуэ махуэти, здэпIэщIэн щыIэтэкъым. И гур къыщыхэдзэкъыкIым, мо гууз зымыгъэунэхуар занщIэу гужьеят, ауэ зызэтриубыдэжащ. Къэтэджри, хуэм дыдэурэ зихуэпащ, дыгъужьым и Iуэхур и щхьэм имыкIыу. Пэш пхыдзам щIыхьэри, плIанэпэм дэт фочыр къиштащ, сабэр бэлътокукIэ трилъэщIыкIыурэ зэпиплъыхьащ – ар къопсэлъэным хуэдэт.

Беслъэн и нэр быдэу иуфIыцIщ – зэтрихыжри, и щхьэ хужиIэжащ: «Нобэ фIэзгъэкI хъунукъым». Зэуэ и Iэпкълъэпкъыр щIэлIати, ауэ щыт шэнтым тетIысхьэри, дахэ-дахэу къемыдаIуэ и Iэ кIэзызхэмкIэ фочыр хъыданым кIуэцIишыхьащ. Ар унэм щыщIэкIам, дыгъужьыр хэплъэу и гъуэм деж щыст. Сымаджэм хуэдэу, и щхьэр хьэлъэу къиIэтри къеплъащ, итIанэ нэщхъейуэ и лъапэм трилъхьэжащ. Дыгъуэпшыхь ирита къупщхьэхэри емыIусауэ и пащхьэм илът.

Беслъэн, и Iэр зэрыкIэзызым хуэдэурэ, дыгъужьыр къыкIэритIэтыкIащ, зыбгъуригъэувэри пщIантIэм дэкIахэщ. МэзымкIэ яунэтIауэ, губгъуэр зэпаупщI. Сытуи къабзэт уафэр, гъуджэм хуэдэу укъищыну къыпщыхъурт.

Мэзым щынэсхэм, къыздикIар мыгурыIуэгъуэу пшэ гуэрэн къыкъуокIри, дыгъэр къуелъафэ, зэуэ дунейм зэшыгъуафэ къытоуэ. Жьы мащIэ къепщэу хуожьэри, жыгхэр егъэпIейтей, къакIуэхэм япригъэжьэну хэт хуэдэ. Махуэ зытIу ипэкIэ къешха уэшхым щыщ псы инам и щIыфэр мэтхытх. Мэз лъапэм щыушэ бзухэм я макъым пIейтеигъэ гуэр къыхохьэ, лъэныкъуэкIэ къиIукIри жьындум и макъ хуэдэщ. Ари дэнэ къикIа? Жьындум хъыбарыфI къимыхьу жаIэ.

Беслъэн и гур, къилъэтыным хуэдэу, къеуэрт. Ар кIуэрт, ерагъыу и лъакъуэхэр зэблихыу, и гъусэм и дежкIэ зэремыплъэкIыным иужь иту. Дыгъужьри абы къыбгъурытт, къытегузэвыхь фIэкIа умыщIэну зэзэмызэ къыхуеплъэкIыу.

Апхуэдэурэ Къэсей дыгъужь анэр щыщIилъхьэжа щIыпIэм нэсахэщ. Беслъэн и псэр пыхуу етIысэхащ, дыгъужьри къыбгъурытIысхьащ, нэщхъейуэ жыжьэ плъэуэ. Абыи и гур псынщIэу къеуэрт, къыпэплъэр зэрищIэм шэч хэлътэкъым. ТIури щэхуу, зыр адрейм хуемыплъэкIыу зыкъомрэ щысащ. Сытми, лIыгъэм зригъэхьри, Беслъэн и гъусэм и нэгум иплъащ. Абы къищым уи гур игъэузынт. Псом хуэмыдэу Беслъэн и гур хэщIащ, дыгъужьым и нэпсыр щилъагъум...

АдэкIэ Iуэхур зэрекIуэкIар езы Беслъэни къыбжиIэжыфынутэкъым, ар езым къыщыщIауи и фIэщ пхуэщIыжынутэкъым. Ар кIуэжырт, дыгъужьыр щыщIилъхьэжа кхъужьеижь щIагъым хуемыплъэкIыну хэту, и гур къекIуэ зэпыту. «И анэмрэ езымрэ зэрыгъуэтыжащ», – къиIущэщырт абы, и къуаншагъэр тIэкIу нэхъ мыхъуми игъэмэщIэну хэт хуэдэ.

Къуажэм къызэрыдыхьэжу, абы лIы гуп къыхуэзащ. Псоми пыIэ зэращхьэрыгъымкIэ къыгурыIуащ жылэм гузэвэгъуэ къызэрыдэхъуар. «Къэсей щыIэжкъым», – къыжраIащ абы...




● Пшыналъэ

# Вагъуэбэ уэгум диплъэу



Сыт апхуэдизу ущІэпІащІэр? Уи ежьэжыгъуэр къэса? Сэ си гум и бжэр Іусхри акъужь щІыІэтыІэ из сщІа къудейуэ аращ. Абы иджыри дыгъэпсхэр къыщыфэн хуейщ. ЗыхэпщІэркъэ си гур зэрыгуфІэр? Ар япэ дыдэу къэгъагъэу аращ. Сыт уэ апхуэдизу ущІэпІэщІэн хуейр? Къэсауэ ара-тІэ уи ежьэжыгъуэр?

Сигу къэгъэгъам и зы тхьэмпэ цІыкІуи къыпумычу уежьэжыну?! Сэ уэ, дауи, уеспхауэ усІыгъкым, уи гъуэгур хуитщ, дэнэ лъэныкъуэкІэ бгъэзэнуми. Ауэ щхьэ апхуэдизу упІащІэрэ? Сэ усІыгъкъым, умыкІуэжынуи сынищІолъэІур удз гъэгъа тыгъэ пхуэсщІын жызоІэри аращ. Плъагъукъэ си гур япэ дыдэу къызэрыгъэгъар? Ар къэбгъанэу дауэ уежьэжыну?

УэрэдкІэ сынолъэІунути, уопІащІэ, гу хъуэпскІкІэ узэтесІыгъэнути, уи щІыб къэбгъэзэжащ. Сыт джэ макъ уэ уезышэжьэжыр? Уэ удз гъэгъа уфІэмыфІмэ, къитфыщІыкІыжынщи, гъэгъэншэу дыщысынщ. Уэрэдыр бужэгъуамэ, уэрэдыншэу дызэбгъэдэсынщ. Щхьэ упІащІэрэ апхуэдизу! Сэ узэрызэтесІыгъэфынур гу хъуэпскІкІэщ, сызэрыпкІэлъыджэфынур уэрэдкІэщ. Уемыжьэж! Дыщысынщ, вагъуэбэ уэгум диплъэу. Сыт хуэдэу мазэгъуэ жэщ дахэ хъуну ныжэбэ. Ди уэрэдыр вагъуэхэм уэгум къыщрашынщ, щІылъэм акъужьым къыщиІущэщынщ, уэ уемыжьэж закъуэ! Дэ щэху дыдэу дыщысынщ абы дыщІэдэІуу, моуэ къэтІыс, къэгъэтІыс уи гъусэхэри, ахэри куэд щІауэ щІохъуэпс я гущІэм и уэрэд щэхухэр къэушу щІэдэІужыну...

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн**.

● Шхыныгъуэхэр

## Нартыху хьэжыгъэ еудауэ хугу пІастэ

Хугум шхыныгъуэ къыщыхащІыкІкІэ ар щІалъэсыр фІейр храгъэхын къудейркъым, абы дыдж тІэкІуи хэлъщи, ар псым щІелъэсыкІ. Псы къэкъуалъэм хугу лъэсар хакІутэ, и щхьэм къыдрихьеяхэр чымчыркІэ къытрах, мафІэр цІыкІу ящІри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъэ 15-20-кІэ ягъавэ. Хугу вам, бэлагъкІэ псынщІэу зэІащІэурэ, нартыху хьэжыгъэ ухуэнщІа ираудри, аргуэру дакъикъэ 15-кІэ трагъэт. ПІастэр хьэзыр хъуамэ, шыуан джабэм къыкІэрыщэту, бэлагъми кІэрымыпщІащэу щытынущ. ПІастэ жьар тепщэч гъущэм иралъхьэри, Іэр псы щІыІэм хащІэурэ псынщІэу яубэ, ІэпапІэ къытемынэу. Хугу пІастэр нэхъ зэкІур лым, джэдкъазылым, гъэшхэкІхэм къыхащІыкІа ерыскъыгъуэхэрщ.

***Халъхьэхэр*** *(цІыхуищ Іыхьэ):* хугуу - г 300, псыуэ - г 1100-рэ, нартыху хьэжыгъэу - г 40.



## ШыбжиитхъукІэ гъэжьа лы Іыхьэхэр

ЛыпцІэр Іыхьэ-Іыхьэурэ зэпаупщІ, я Іувагъыр см 1,5 - 2, я хьэлъагъыр г 100 хъууэ. ЯтхьэщІ, шыгъу щахуэри дакъикъэ зытхухкІэ щагъэлъ, шыгъур хыхьэн щхьэкІэ.

Лы Іыхьэ шыуахэр тІэкІу ягъэжэпхъри, тебэм ит шыбжиитхъу къэплъам халъхьэ, тебащхьэр трапІэри, зы дакъикъэ-дакъикъитІкІэ ягъажьэ, зэрагъэдзэкІри, мафІэ щабэм тету ягъажьэ, хьэзыр хъуху. Ар тхъуэплъ дахэ хъун хуейщ. Пщтыру яшх, шыбжиитхъу зэрагъэжьар лым тракІэри. ПІастэ хуабэ дашх.

***Халъхьэхэр*** *(зы цІыху Іыхьэ):* былымыл щабэу - г 200, шыбжиитхъуу - г 30, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

# Ныбгъуэм и уэрэд

**Куэд щІащ абы лъандэрэ, илъэсипщІым нэблагъэ дэкІащ, ауэ ноби зэхэсх хуэдэщ а ныбгъуэ макъыр. Гуапэу, Іэфlу сигу къинэжащ ар...**

ПЩЭДДЖЫЖЬЫМ лэжьапІэм сынэсу си кабинетым сызэрыщетІысэхыу, сэ къызэхэсхырт ныбгъуэ макъ гурыхьыщэ. ЩІыбым щІымахуэ уаер щытепщэт, ауэ гъэмахуэ макъыр - ныбгъуэ цІыкІум къриш уэрэдыр гуапащэу си тхьэкІумэм къиІуэрт. Хьэуэ, си кабинетым щІэстэкъым а бзу цІыкІур икІи зэи сытеплъакъым абы, ауэ махуэ къэс зэхэсх и макъым сэ ар фІы дыдэу сигъэлъэгъуат. А макъыр къиІукІырт ди гъунэгъу унэм. Дауи, ныбгъуэ цІыкІур гъущІ хъарым ис хъунт, ІэрыубыдыщІауэ, и уэрэд дахащэм едэІуэн щхьэкІэ.

Сыт хуэдизрэ зэхыумыхами, утезэшэнутэкъым а ныбгъуэ цІыкІум и уэрэдым. Сэ абы сигу къигъэкІыжырт къуажэм щыкІуа си сабиигъуэр, ди губгъуэхэр, мэзхэр.

Апхуэдэу екІуэкІыурэ, щІымахуэр икІащ, гъатхэри абы кІэлъыкІуащ. Гъэмахуэр къэсри, зыгъэпсэхуакІуэ сежьащ. Мазэ дэкІыу лэжьапІэ сыкъыщыдэкІыжам - ныбгъуэ цІыкІум и макъыр къэІужыртэкъым. Сыту пІэрэ къэхъуар? Сыпэплъащ етІуанэ махуэми, ещанэми - щымт. АфІэкІа зэхэсхыжакъым ныбгъуэм, сымылъэгъуами ныбжьэгъу схуэхъуауэ щыта ныбгъуэ цІыкІум, и уэрэдыр. Тхьэм ещІэ абы и Іуэху зэрыхъуар.

Ауэ нобэми ар гуапэу сигу къокІыж. Іэджэ сщыгъупщэжащ, ауэ ар сщыгъупщэжыркъым.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**.

● ГушыІэ

# И кІуапІэр къапщІэмэ...

Зэгуэрым Хъуэжэ и шыдыжьымкІэ пхъэ къихьу къыздэкІуэжым, джабэм къызэрыкІэрыхьэу, шыдыр къэувыІащ. Абы и шыдыжьым жагъын хэлъти, зыщІэувыІыкІа иужь, уеуэкІи, и щытын иримыкъуауэ, зэрыпхуежьэжын щыІэтэкъым.

Жэщ хъурт, дыгъэр къухьэрт. Хъуэжэ хьэм яшхынкІэ шынэрти, шыдым чымкІэ еуэу щІидзащ. АрщхьэкІэ зэреуэр къыфІэмыІуэхуу, шыдым зимыгъэхъейуэ щытт. Хъуэжэ абы текІиящ, еуащ, ауэ а псори пщІэншэт: шыд къииным и тхьэкІумэр гуэлэлу щытт. Щымыхъум, Хъуэжэ апхуэдизкІэ губжьыщати, шыдым и тхьэкІумитІыр къиубыдри, еІэу щІидзащ, джабэм дилъэфыну. Абы щыгъуэм шыдыр къикІуэту хуежьэри, Хъуэжэр джабэм кърилъэфэхыжу щІидзащ. Ар щилъагъум: «Ахьаа, къэзбгъэщІащ иджы уи хущхъуэгъуэр, къысхуэгъэгъу, шыдыжь, гукъэкІыншэу сыкъызэрыщІэкІамкІэ», - жиІэри, и щІыбагъымкІэ къежэкІри, абы и кІэм къеІэу щІидзащ. Шыдыжьыр екъури, Хъуэжэр лъэпэрапэу джабэм дилъэфащ.

**МАХУЭ Іэлисэхь**.

# Бланэ щалъху мэкІуэж...

- **Ахъшэ зи куэдым Іужажэ и щхьэгъэрытщ.**
- **Бабыщыщхьэ зыфІэтми и щхьэ фІэдахэжщ.**
- **БэлагъыкІыр зыІыгъым бэлагъыщхьэр зытехуэнур ещІэ.**
- **БгъэфІам ІэфІыкІэкІэ ущымыгугъыж.**
- **Бзаджагъэм жьы ищІами, и мурадыр тІорысэ хъуакъым.**
- **Бзаджэр щылъэпэрапэкІэ, къыбгъурытым йоІунщІ.**
- **Бзэгу кІыхьыр акъыл кІэщІым и бынщ.**
- **Бзэгузехьэ и жьэ ужьэдэхуэмэ, жьищэкІэ уагъэныщкІу.**
- **Бзэгузехьэ згъэлІыхъури, лІыгъэ зыхэлъ зеущэху.**
- **Бланэ щалъху мэкІуэж, къэрабгъэ и унэ мэкІуэсэж.**
- **Вакъапхъэу иритри, джэдыгупхъэу къыІихыжащ.**

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

## Едзыгъуэхэр

* * *

«Сылъэщщ!» - жыпІэу фадэм зумыпщыт,
УщІегъуэжынкъым – нэхъ пэІэщІэу щыт.
Армыракъэ – уищІынщ уэ ауан, -
ТекІуэфакъым абы зы пелуан.

* * *

Уи щІыхь бгъэлъэгэну угугъэу,
Си къуэш, зэи жьантІэм уафІемыкъу.
Солъэlу, зыхэгъэлъ мыр Іущыгъэу:
Пхуэфащэми, тІэкІу зэгъэныкъуэкъу.

* * *

Уо, си гъащІэ, сэ зыкъысфІэщІыжмэ,
Сыкъыжьэдэкъуэ, гущІэгъуншэу уэ сыужьыгу!
Си щыуагъэр уэ зыхэзбгъэщІэжмэ,
СыпсэухукІэ ІэфІу пхуилъынщ сигу.

**ДУДАР Хьэутий**.

# Псалъэзэблэдз




***ЕкІуэкІыу:*** **2**. ... тесу псым йопыдж. **5**. Гур ... Іэр лъоІэс. **8**. ЩІалэм къижьыхьмэ, ... и лъэдий мэуз. **9**. ... и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ. **11**. Жэм ... нанэфІ хуэдэщ. **12**. НитІрэ ... зофыгъуэ.

***Къехыу:*** **1**. ДжэдыкІэм цы ... **3**. Хьэндыркъуакъуэрэ пэт «... псыр кууащэрэт» жеІэ. **4**. Ишхыр ..., ищІэр фІэкуэдщ. **6**. Нысэр ..., жыпІэу цІэ фІумыщ, и цІэр езым зыфІищыжынщ. **7** Шыпхъуншэ нэхърэ шыпхъу ... **10**. ... куэдрэ щылъмэ, жыглыц къытокІэ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ**.

**Бадзэуэгъуэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Духьэ. **3**. Гунэф. **7**. Бырыб. **8**. Афэ. **9**. ГъукІэ. **11**. Бру. **16**. Еру. **17**. Аму. **18**. Медан. **20**. Уанэ. **21**. Бжьын.
***Къехыу:*** **1**. Дунай. **2**. Хьэбэз. **4**. Ныбгъуэ. **5**. Фэдэн. **6**. Хур. **10**. Къурш. **12**. Небэу. **13**. Думэн. **14**. Банэжь. **15**. Тумэн. **19**. Дэ.

● Театрхэм я лэжьэгъуэ лъэхъэнэр зэхуащIыж

# ЗамыгъэнщIауэ зэбгрыкIыжт



## ДунеитIым я зэхуакум

**Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым иджыблагъэ япэу щагъэлъэгъуащ «Отель двух миров» спектаклыр.**

Ди зэманым и драматург цIэрыIуэ Шмитт Эрик-Эмануэль и IэдакъэщIэкI пьесэр налшыкдэсхэм къызэрымыкIуэу ягу ирихьащ. Ар зыгъэувар Балъкъэр Юрэщ.

ЦIыхур зэрытелIыкIым теухуауэ дунейпсо литературэм тхыгъэ щымащIэкъым. Дунеягъэмрэ хьэдрыхэрэ яку дэту къалъытэ цIыхур зэрыт щытыкIэм, здэщыIэ щIыпIэм, къелхэм ягъуэт гупсысэкIэм теухуауэ еплъыкIэ гъэщIэгъуэн куэд щыIэщ. Мыбыи аращ и лъабжьэр.

Спектаклым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Жюльен Порталь (Къуэдз Расул егъэзащIэ) машинэ зэжьэхэуэм хэхуа иужь, хьэщIэщ гъэщIэгъуэн гуэрым къыщIохутэ. Абы ар щыхуозэ ипэкIэ имыцIыхуа гуэрхэм икIи къыгуроIуэ, ахэри езым хуэдэу зэрытелIыкIар. Ахэр хэти щылIэнум, хэти къыщыхъужынум йожьэ.

Утыкум тетIысхьэпIэ зыбжанэ, зы стIол (къакIуэ-кIуэжхэр щатхыу), С, В хьэрфхэр зытет гъуэгу зэхэкIыпIэхэр щыболъагъу. ИужькIэ дохутырым (Мамаладзе Элеонорэ) къызэрыдгуригъаIуэмкIэ, С-мкIэ ягъакIуэр узыфэ гуэр къызэузхэмрэ къэхъукъащIэм и зэран зэкIахэмрэщ, В-мкIэ зызыукIыжыну яужь итахэр яунэтI. ЛIыхъужь нэхъыщхьэр В-мкIэ зэрагъэкIуам папщIэ мэныкъуакъуэ, ауэ абы къыгурагъаIуэ фадэ ефэу руль зэрыдэтIысхьар езым и ягъэу, ари зыукIыжыным зэрыщыщыр.

ХьэщIэщым и администратору абы щоджэгу Нэгъуей Заур, и къуэдзэм и ролыр Накуэ Надин егъэзащIэ. Апхуэдэу спектаклым ущрохьэлIэ - Президент Дельбек (Сыбэч Алим), Раджапур Iэзэ (Щауэ Артур), узыфэ хьэлъэ къызэуз Лорэ пщащэм (Бей Маринэ), хьэщIэщыр зэлъыIузых Мари (Литфулинэ Альбинэ) сымэ. Къэхъунум ухуэпIащIэу абыхэм спектаклым ухашэри, удрагъэхьэх. Язынныкъуэ лIыхъужьхэм уи гур ящIоузри, нэхъ псынщIэу хъужыну, я Iуэху зэтеувэжыну уахуохъуапсэ, язынныкъуэхэм гущыкI зыхуагъэщI.

Жюльен а щIыпIэ гъэщIэгъуэным къыщыгуроIуэж и гъащIэр пщIэншэу зэригъэкIуар. Абы зыхэщIыкI, гущIэгъу иIэ мэхъу, итIанэ, фIыуэ елъагъу Лорэ пщащэ тхьэIухудыр. Апхуэдэу, я гупсысэкIэм зехъуэж а щIыпIэм къыщыхута дэтхэнэми.

ЩIагъыбзэ ин, гушыIэ шэрыуэ зыщIэлъ спекталым цIыхум и мыгъуагъэхэм я гугъу щащI икIи лъэныкъуэ куэдкIэ узыщIегъэгупсысыж. КъищынэмыщIауэ, нобэрей махуэкIэ упсэун зэрыхуейр иджыри зэ дигу къегъэкIыж.

Театрым къехъулIа спектаклымкIэ дохъуэхъу.

## Таурыхъ зэхэзэрыхьа

**Чуковский Корней и IэдакъэщIэкIхэр зи лъабжьэ «Перепутанная сказка» сабий спектаклыр Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым щагъэуващ.**

Абы щIидзэн ипэ, сабийхэм фIыуэ ялъагъу уэрэд цIыкIухэр театрым къыщеуэрти, щIэсхэр къанэ щымыIэу дежьуурт. Таурыхъым нэхъри удрагъэхьэхырт утыкур щхъуэкIэплъыкIэу зэрыгъэщIэрэщIам, артистхэм я щыгъын хьэлэмэтхэм.

Спектаклыр зыгъэувар КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Толстовэ Евгениещ. Абы хузэфIэкIащ таурыхъым и купщIэр имыхъуэжу иджырей дунейм щыщ гуэрхэр хипщэн. Аращ ар сабийхэм нэхъыбэу ягу щIрихьар. ЦIыкIухэр темызэшэн хуэдэу, спектаклыр сыхьэт никъуэм къизагъэу ягъэлъэгъуащ. Пэжым ухуеймэ, япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ, а таурыхъым пэшым щIэс псори дихьэхыу зэреплъыр нэрылъагъут.

Сабийхэм яфIэфI гушыIэ, уэрэд, къафэхэмкIэ гъэнщIат спектаклыр.

Мэзым къыщыхъу-къыщыщIэхэр онлайн жыпхъэм иту къэзытыж кинорепортёр, Iуэхур езыгъэкIуэкIхэр шэрыуэу псалъэу спектаклым хэтщи, абыхэм теплъэгъуэхэр зэпащIэ. Зы таурыхъым адрейр къыпыувэрт, абы и гъусэу утыкур зэрыгъэщIэрэщIахэри зэрахъуэкIырт. Айболит, Муха-Цокотуха, аргъуей угъурсыз, бэдж бзаджэ, хьэндрабгъуэ тхьэIухудхэр хэтт а таурыхъ теплъэгъуэхэм.

Спектаклым щыджэгуащ – Хъупэ Мариannэ, Накуэ Надин, Дэрокъуэ Рустам, Къущхьэ ФатIимэ, Шыкъуэ Аскэр, Толстовэ Марие, Малишевская Марие, Сторожевэ Анастасие, Нэгъуей Заур сымэ.

Таурыхъ хабзэу псори зэгурыIуэжауэ, сымаджэхэр ягъэхъужауэ, щыуам къыгурыIуэжауэ, нэщхъыфIэу иухащ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Чуковский Корней езым и IэдакъэщIкIхэр зэхилъхьэурэ зы къахищIыкIыу зэрыщытар. Абы илъэс 50 ипэкIэ и усэ 13 зэхилъхьэри, сабийхэм папщIэ литературэ къуажэхь зэхигъэуват.

Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ спектакль гъэщIэгъуэнхэр зыгъэув Толстовэ Евгение ар къигъэсэбэпри, «Доктор Айболит», «Фёдориное горе», «Мойдодыр», «Муха-Цокотуха» тхыгъэхэр зэхилъхьэри, сабийхэми балигъхэми яфIэгъэщIэгъуэн спектакль утыку кърихьащ.

Пэшым щIэсахэм спектаклымкIэ замыгъэнщIауэ зэрызэбгрыкIыжыр нэрылъагъут. Шэч хэлъкъым абыхэм театрым къызэрытрагъэзэнум, зымылъэгъуахэр хуаIуэтэжурэ зэрырагъэхъуэпсэнум.

## Шыпсэхэр и лъабжьэу

**Налшык дэт Гуащэ театрым и илъэс лэжьэгъуэр зэхуищIын ипэ Овиденкэ Юлие и «Каша из топора» пьесэм къытращIыкIа спектакль щагъэлъэгъуащ.**

Урыс цIыхубэ таурыхъхэр зи лъабжьэ пьесэм зэуэ шыпсэ зыбжанэ зэрыщызэхалъхьам и фIыгъэкIэ, цIыкIухэр спектаклым еплъащ яфIэгъэщIэгъуэну, яфIэщIэщыгъуэу, къэхъунум хуэпIащIэу. Сыхьэт никъуэкIэ екIуэкI Iуэхугъуэм цIыкIухэри къыхашат, ахэр таурыхъым хэт лIыхъужьхэм дэIэпыкъурт, упщIэхэм жэуап иратырт, къуажэхьхэр зэпеуэу къащIэрт.

Театрым и кIыщым мы спектаклым папщIэ гуащэщIэхэр, фащэщIэхэр щадат. Таурыхъым, гуащэхэм къищынэмыщIауэ, артистхэри щоджэгу. Ахэр – Линьковэ Наталье, Лобжанидзе Анжеликэ, Ульбашевэ Миланэ, Жариков Артём, Техьэж Марат, Куэшэр Анзор сымэщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**





## Берлин и метром щагъэлъагъуэ

**Мы махуэхэм Берлин и метро станцым щагъэлъагъуэ ди хэкуэгъу художник Хьэжу Мурат и «Джоанна Стингрей говорит...» гъэлъэгъуэныгъэр.**

«А-транс» утым уи лэжьыгъэхэр щыбгъэлъагъуэ зэрыхъунум Хьэжы Мурат хигъэгъуэзат «Йорой» проектыр 2021 гъэм абы хэIущIыIу щызыщIа ди хэкуэгъу художник, скульптор цIэрыIуэ Пащты Алим. Выставкэм Мурат хигъэхьащ сурэтхэмрэ псалъэхэмрэ къызытещ и граффитихэр.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Хьэжу Руслан и унагъуэм 1969 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыщалъхуащ Мурат. Адэм и лъагъуэм ирикIуэж сурэтыщIыр мы зэманым Германием и Халлэ къалэм щопсэу икIи щолажьэ. Графикэ, щэкI гъуазджэ, анимацэ, нэгъуэщI куэдми хуэIэзэщ ар.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# КъыхэжаныкIахэр зэдагъэлъапIэ



**КъБР-м щыIэ МВД-м Къэрал автоинспекцэмкIэ и управленэм щекIуэкIащ 2023 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ республикэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм и штабым и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Егоровэ Наталье, Къэрал автоинспекцэм и къудамэхэм я унафэщIхэмрэ республикэм и районхэм я инспектор нэхъыщхьэхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ Iуэху гуапэкIэ щIидзащ - лэжьыгъэм къыщыхэжаныкIахэм иратащ къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий и унафэкIэ «За отличие в службе ГИБДД» бгъэхэIу дамыгъэм и 2-нэ нагъыщэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр иратащ IэнатIэм и лэжьакIуэ зыбжанэм.

Республикэм Къэрал автоинспекцэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и полковник Сухорученкэ Дмитрий 2023 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кърикIуахэм щытепсэлъыхьым къыхигъэщащ гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм хэкIуадэхэм я бжыгъэр процент 50-кIэ ягъэмэщIэн зэрахузэфIэкIар, блэкIа илъэсым и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ. Къыхигъэщащ рулым дэсхэр гъуэгум и къыхуэкIуэ лъэныкъуэм зэрытехьэмрэ блэкIын папщIэ чэзум зэрыпэмыплъэмрэ шынагъуэ нэхъ къэзышэу къызэрынэжыр

- Илъэсыр къызэрихьэрэ едгъэкIуэкIащ республикэпсо профилактикэ рейд 33-рэ, цIыхухэм гъуэгу хабзэр ягъэзэщIэным къыщыхуеджэ акцэу 700-м щIигъу. Гъуэгу-плъыр къулыкъум и лэжьакIуэхэм фадэ ефауэ машинэр зезыгъакIуэ 1000-м щIигъум, абыхэм ящыщу 200-р етIуанэу, шофёр тхылъхэр зыIахауэ е ар зимыIэхэу минитIым щIигъум къуэды тралъхьащ, рулым ахэр дэтIысхьэну хуимыту. Административнэ хабзэхэр къызэрызэпаудыр зытх IэмэпсымэхэмкIэ къагъэлъэгъуахэр хэплъхьэжмэ, гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм мин 600-м щIигъурэ ебэкъуащ ди цIыхухэр, - жиIащ Сухорученкэ Дмитрий.

Апхуэдэуи къыхигъэщащ «Гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэн» къэрал, «ФIагъ зиIэ гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектхэр мы зэманым зэрыпхагъэкIыр икIи гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэхэм зи гъащIэр ихьхэр гъэмэщIэным, балигъ мыхъуахэм я узыншагъэмрэ гъащIэмрэ хъумэным нэхъыбэу зэрытрагъащIэр. Абы и лъэныкъуэкIэ адэкIэ зэлэжьыпхъэхэри ягъэнэIуащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.576
Заказыр №1580

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А